ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№86 (24.056) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек щыгъуазэ зищІащ Налшык и гъэзгухэр зэрызэрагъэпэщыжым, къалэм и теплъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щэбэт кІуам щыщыплъыхьащ республикэм и къалащхьэм и теплъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІуэ ирагъэкІуэкІ уэрэнытІэхэм, гъэзгухэр зэрызэрагъэпэщыжым щыгъуазэ зищІащ.

ГЪУЭГУХЭР зыхуэй хуэззу зэгъэпэщыжыным теухуа лэжьыгъэхэр и гъащІэгъуэу щокІуэкІ Кировым и цІэр зезыхьэ уэрамым - ХьэтІохъущокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым къыщыщІэдзауэ Идарым и цІэр зезыхьэм къырубыдэ, километри 5,6-рэ хъу щыпІэм, апхуэдизуи КъуэныкъуейМ и цІэр зезыхьэ уэрамым - Лениным и цІэр зезыхьэ проспектым щегъэжьауэ Щоджэнщ1ыкІм и проспектым нэс, километр 1,43-рэ хъу щыпІэм деж. Метр 12-м къыщыщІэдзауэ метр 14-м нэс зи бгъуагъ гъуэгушхуэхэм псы щІэжьипІэхэр хуащІынущ, ахэр къэгъэнэхуным ехьэлІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыщ, зыкъэгъэзыпІэ-эзблэкІыпІэу пЛы, лъэс зекІуапІэхэр хуащІынущ. Налшык къалэм автомобиль нэхьыбэ дыдэ щызэтрихьэ и щІыпІэхэр зэгъэпэщыжыным ирагъэкІуэкІ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъэзгу шынагъуэнэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу.

Проектым ипкъ итКІэ ухуэныгъэр щэкІуэгъуэм и кум ирихьэлІэу зэфІагъэкІым хуейуэ аращ, ауэ лэжьыгъэхэр ягъэува пІалъэм нэхъри нэхъ псынщІэу йокІуэкІ. ЛЬэпкъ проектым хыхьэу Налшык къалэ округым щыхэфІагъэкІым хуей Іуэхугъэ ягъэува пІалъэм и пэ къихуэу зэрызэфІэкІым и фІыгъэкІэ щыгугъу хъунущ республикэм и къалащхьэм и гъэзгухэм щыщу иджыри километрий мы ильэсым къриубыдэу зэрызэрагъэпэщыжым мылъку къыІэрихьэным. Абыхэм ящыщущ Мэлбахъуэм, Вовчок Маркэ, Иллазаровым, Мовсисян я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэр. Апхуэдэуи Головко и цІэр зезыхьэ, Профсоюзнэ, Мостовой уэрамхэм я гъэзгухэр 2021 гъэм зэгъэпэщыжыным и проектхэр ягъэхьэзыр.

Республикэм и Іэтащхьэр къыкІэлъыкІуэу щыІащ Головко и цІэр зезыхьэ уэрамым, Лениным и проспектым щащІ сверхэм. Абыхэм лэжьыгъэхэр щокІуэкІ «ТыншыпІэ псори здэщыІэ къалэ» программэм хыхьэу, налшыкдэсхэм кьыхалъхьа жэрдэмхэр я лъабжьэу.

Апхуэдэу, Головко и цІэр зезыхьэ парк щыкІур щІыныр ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирагъэкІуэщ1ащ1 икІи 2020 гъэм и мэкъуауэгъуэм - республикэм къыщалъхуа адмирал цІэрыІуэ, Хэку зауэшхуэм и зэманым Ищхьэрэ флотым и унафэщІу щыта Головко Арсений Григорий и къуэр къыщалъхуа махуэм - ухуэн щІадзащ. КъБР-м щыщ скульптор, УФ-м и Художникэм я зэгухьэныгъэм хэт Катони С. И. адмиралым и фэеплъэр ихумэ, ар парк щыкІум и кум хуэззу щагъэувыщ.

КІуэкІуэ Казбек яІущащ скверыр щІыныр зи жэрдэмхэм икІи фІыщІащ жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрызхэтым, къалэм адэкІи зиужьыным зэран хуэхъу ныкъусаныгъэхэм гу зэрылъатэм папщІэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ Лениным и цІэр зезыхьэ проспектым щащІа 33-нэ курыт школыщІэм къедза щыпІэхэмэ. Мыбдежми щхъуантІагъэхэр щыхасэ, лъэс зекІуапІэхэр щаухъуэдий, абыхэм яБгъуэм тетІысхьагъэхэр, щІыбэ уэздыгъэ фІэдзапІэхэр щагъэувынущ, архитектурэм ехьэлІа цІыкІуфэкІуэмкІи ягъэдэхэнущ.

А объект псори мы гъэм и фокІадэм яутІыпщыну я мурадщ.

Лэжьыгъэ Іуэхугъэ къалэр къыщызэхикІухым КъБР-м и Іэтащхьэм щыгуазэ зищІащ Налшык къалэ округыр псыкІэ ирикъуу къызэрэпэщыным хуэунэтІуэ щекІуэкІ уэхуэнгъэхэм, «ПсэупІэмрэ къалэ кІуэцІхэмрэ» лъэпкъ проектым тету ящІхэм. Проектым зэрыщыубыхуамкІэ, псы къыщІэшыпІэм къыщыщІэдзауэ Кировымрэ Тэрчокъуэмрэ я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэпылъпІэм нэсу псы зэрыкІуэ бжьамий километрихьм нэблагъэ далъхьэнущ, апхуэдэуи «Сухая Шалушка» псы къыщІэшыпІэм кубометр 18000 зэрыхуэ и псы хьУмапІитІыр зэрагъэпэщыжынущ. Абы Іэмал кьытынущ системэм и пъэщагъэхэр хэгъэхъуэмкІэ, «Мей» щІыпІэм деж хъат куэду зэтету щауха уэнщІэхэр псыкІэ къызэгъэпэщынымкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ унафэ сощ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыпІэм зыщІыгъуэ къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыпІэм теухуа Положенэм и лъхьэщІ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыпІэм зи жэрдэмхэм икІи фІыщІащ щыныр зи жэрдэмхэм икІи фІыщІ1ащ1 яхуищІащ жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрызхэтым, къалэм адэкІи зиужьыным зэран хуэхъу ныкъусаныгъэхэм гу зэрылъатэм папщІэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ Лениным и цІэр зезыхьэ проспектым щащІа 33-нэ курыт школыщІэм къедза щыпІэхэмэ. Мыбдежми щхъуантІагъэхэр щыхасэ, лъэс зекІуапІэхэр щаухъуэдий, абыхэм яБгъуэм тетІысхьагъэхэр, щІыбэ уэздыгъэ фІэдзапІэхэр щагъэувынущ, архитектурэм ехьэлІа цІыкІуфэкІуэмкІи ягъэдэхэнущ.

А объект псори мы гъэм и фокІадэм яутІыпщыну я мурадщ.

Лэжьыгъэ Іуэхугъэ къалэр къыщызэхикІухым КъБР-м и Іэтащхьэм щыгуазэ зищІащ Налшык къалэ округыр псыкІэ ирикъуу къызэрэпэщыным хуэунэтІуэ щекІуэкІ уэхуэнгъэхэм, «ПсэупІэмрэ къалэ кІуэцІхэмрэ» лъэпкъ проектым тету ящІхэм. Проектым зэрыщыубыхуамкІэ, псы къыщІэшыпІэм къыщыщІэдзауэ Кировымрэ Тэрчокъуэмрэ я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэпылъпІэм нэсу псы зэрыкІуэ бжьамий километрихьм нэблагъэ далъхьэнущ, апхуэдэуи «Сухая Шалушка» псы къыщІэшыпІэм кубометр 18000 зэрыхуэ и псы хьУмапІитІыр зэрагъэпэщыжынущ. Абы Іэмал кьытынущ системэм и пъэщагъэхэр хэгъэхъуэмкІэ, «Мей» щІыпІэм деж хъат куэду зэтету щауха уэнщІэхэр псыкІэ къызэгъэпэщынымкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ унафэ сощ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыпІэм зи жэрдэмхэм икІи фІыщІащ щыныр зи жэрдэмхэм икІи фІыщІ1ащ1 яхуищІащ жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрызхэтым, къалэм адэкІи зиужьыным зэран хуэхъу ныкъусаныгъэхэм гу зэрылъатэм папщІэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ Лениным и цІэр зезыхьэ проспектым щащІа 33-нэ курыт школыщІэм къедза щыпІэхэмэ. Мыбдежми щхъуантІагъэхэр щыхасэ, лъэс зекІуапІэхэр щаухъуэдий, абыхэм яБгъуэм тетІысхьагъэхэр, щІыбэ уэздыгъэ фІэдзапІэхэр щагъэувынущ, архитектурэм ехьэлІа цІыкІуфэкІуэмкІи ягъэдэхэнущ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм ягъэувын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ унафэ сощ:

4. КъэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэу щІыпІэ самоуправленэмкІэ органэм кьыдаххэмкІэ ечэнджэщын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм.

5. Кьару имыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ теухуа Положенэм и Іэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м къыдигъэкІа Указ №138-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органэм къэралщІыб, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 3-м къыдигъэкІа Указ №138-УП-мкІэ кьащтам, зэхуэхьІныгъэхэр хэлъхьэным и Іэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм фокІадэм и 2-м къыдигъэкІа Указ №126-УГ-м.

6. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м
№89-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъ зиІэ и энергетик» цІэ лъапІэр Иванов В. В. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Электрокъарур цІыхуэхэм яІэрыгъэхэм комплексым зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм икІи энергетикэ Іэнатіэм илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхъ зиІэ и энергетик» цІэ лъапІэр фІэщын **Иванов Виталий Валерий и къуэм** – «Кавказ Ищхьэрэм и Урысей сетхэр» акционер зэгуэхьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ

КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м
№90-УГ

● Дыгъуасэ

Адыгэ академием и лэжьыгъэм пещэ

Бадзэуэгъуэм и 20-м «Синдика» хьэщІэщым ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и чэзу зэІущІэр щызэхэтащ. Ар ирагъэкІуэкІащ Академием и вице-президент ХьэфІыщІэ Мухьэмэдрэ еджагъэшхуэ-секретарь нэхъыщхьэ ЩІхьэгъэпсо Сэфарбийрэ.

АКАДЕМИЕМ хыхьэну зыхуагъэфащахэм я анкетэхэм кьрикІуам зэІущІэм щрипсэлъащ. ЩІДАА-м хагъэхьэну кьыхалъхьащ: есэпІ щІэныгъэхэмрэ нано-информацІэ технологиехэмкІэ кьудамэм и член-корреспонденту: Мамчуев Мурат - Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием Къэбэрдей-Балъкъэм щиІэ ЩІэныгъэ Центрым есэпІ гуэдзэмрэ автоматизацэмкІэ институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ пашэр; физикэ щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм и действительнэ члену: Экбэ Январбий - Абхъаз Республикэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и вице-президентыр, Абхъаз къэрал университетым физикэ гуэдзэмкІэ кафедрэм и унафэщІыр, физикэ-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр; энергетикэмкІэ, машиноуухуэныгъэмкІэ, механикэмрэ Іуэху зехьэкІэхэмкІэ кьудамэм и действительнэ членэхэр: ЗекІуэрей Аслъэн - Ипщэ федерал щІынальэм щыІэ щІэныгъэлІэхэмрэ къэхутакІуэхэмрэ я Ассоциацэм и вице-президентыр, транспорт лІэужьыгуэхэм я къызэгъэпэщакІуэхэм я Дунейпсо ассоциацэм и унафэщІыр, техникэ щІэныгъэхэм я докторыр; Апажэ Аслъэн - КІуэкІуэ Валерий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и ректорыр, мэкъумэш щІэныгъэхэм я докторыр; Щоджэн Юрий - Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и Академием механизацэмкІэ, электрификацэмрэ автоматизацэмкІэ и кьудамэм и унафэщІыр, РАН-м и член-корреспондентыр; тхыдэ-филологие щІэныгъэхэмкІэ кьудамэм и действительнэ члену: Ершов Виталий - Мэзкуу дэт щІыналъэ университетым стратегиемрэ аналитикэмкІэ и Центрым и унафэщІыр, тхыдэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр; Хьэутекъуэ Самир - КІэрашэ Тембот и щІэр зэрихьэу Адыгэ Республикэм щыІэ гуманитар (елэжьхьэ) ГъукІэ Анжелэ) институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ пашэр, тхыдэ щІэныгъэхэм я докторыр; жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ Академием и кьудамэм и действительнэ члену: Прахъуэ Аслъэн - юридическэ щІэныгъэхэм я докторыр (Мейкъуапэ къалэ); член-корреспондентыр - Къалмыкъ Жылэбий, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидатыр.

Апхуэдэу ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Академием хэтхэр арэзы техьауад адыгэм и тхыдэр, и щІэнхабзэр, и гъуэзджэр кьэзыгъэльагъуэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэр кьыдэгъэкІыным зратын зэрыхуейм. Дзэпкіэ ЩІДАА-м и жьауэм щІэту ирагъэкІуэкІыну кьэхутэныгъэхэр мыпхуэдэу кьэбгъэльагъуэ хьунущ:

І. Естественнэ-щІэныгъэ къэхутэныгъэхэмкІэ иджыпсту щІэныгъэлІ гуп йолэжь томипщІ хьуну «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпс хьугуэфІыгуэхэр» зыфІаща лэжьыгъэшхуэм. Нобэ хьэзыр мэхъу тхылъитхур:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпс-ботаникэ икІи щІыуэпс зехьэныкІэ тхыдэр» *(жэуап зыхьыр академик ЩІхьэгъэпсо Сэфарбийщ).*

2. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэкІыгъэ хьугуэфІыгуэхэр» *(жэуап зыхьыр академик Тембот ФатІимэтщ).*

3. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэущхьэ дунейр» *(жэуап зыхьыр академик ЩхьэгъэпсО Сэфарбийщ).*

4. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыгуфІ хьугуэфІыгуэхэр» *(жэуап зыхьыр академик Къумахуэ Владимирщ).*

5. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и рекреацие хьугуэфІыгуэхэр» *(жэуап зыхьыр Галачиевэ Ларисэщ).*

ІІ. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ лэжьыгъэфІ йокІуэкІ. Апхуэдэу мы зэманым ягъэхьэзыр:

1. **Нэгумэ Шорэ. Тхыдэ икІи филологие къэхутэныгъэхэр**. *ТомиплІ хъуу.*

2. **Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ**. *4-нэ томыр (елэжьхьэ ГъукІэ Анжелэщ).*

3. **Адыгэ тхыдэ-лІыхъужь уэрэдхэр**. *Ялэ том. Андемыркъан теухуа уэрэдхэр (елэжьхьэ Бихъурэ Мухьэмэд, Гъут Іэдэм, Хьэгъэжей Ланэ сымэщ).*

4. **Нартхэр. Адыгэ лІыхъужь эпос**. *ЕтІуанэ томыр. Уэзырмэс. Батарэз. Ашэмэз (елэжьхьэ Бихъурэ Мухьэмэд, Гъут Іэдэм, Табыщ Мурат сымэщ).*

5. **Адыгэ сурэт щІэнгуаэзэ** *(хрестоматие). (Зэхэзыгъуэзэр академик ХьэфІыщІэ Мухьэмэдщ).*

6. **Дунеим щыщІэныгъэ адыгэ 1000** *(Зэхэзыгъуэзэр академик ХьэфІыщІэ Мухьэмэдщ).*

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и лэжьыгъэм щІигъэуэбжьэн зэрыхуейр псоми зэдзэрэзыуэ къыхаугъэщащ. Абы и зы лъэбакъэущ щІэныгъэ журналыр дунеим къыззэрытехьэр, щІэныгъэлІэхэмрэ къэхутакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ я лэжьыгъэхэр абы къыззэрытехуэр.

ШУРДЫМ Динэ.

Къалэ уэрамхэр къабзэ хъун папщІэ

Налшык къалэм и лъэс зекІуапІэхэмрэ гъуэгухэмрэ гъэкъэбзэным теухуа гуныкъуэгуфІэ мымащІэ яІэщ къалэдэсхэм. Ахэр Іэмал зэрилэкІыным яужь итщ къалэ округым и щІыпІэ администрацэр.

АБЫ И УНАФЭКІЭ, илъэс кІуам къыщыщІэдзауэ ятхьащІ къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэр. А лэжьыгъэр зэрызэфІагъэкІ техникэр зэрахуримыкъым, щІэхэр къызэращхьи мылъку зэрамыІэм къыхэкІы а Іуэхур нэгъэсауэ, уэрам псори къызэщІаубыдэу яхузэщІэгъэкъым.

Мы гъэм «Сбербанк»-р и щІэгъэкъуэну, къалэр зэрагъэкъэбзэну техникипкІ къащэхуащ икІи Налшык къалэ округым щылажьэ «Горзеленхоз», «Щэнхабзэ Іуэхуэмрэ зыгъэпсэхуным я парк» Іуэхущ1апІэхэм ираташ.

Гулыпитэншэу кьэнакъым къалэхуэр закономерностэм ебэкъуахэри. Ди щыхьэрыр телпъаджэ зыщІ, къалэдэсхэм зэран яхуэхъу ухуэныгъэхэу хабзэм ебакъуэу адэ-мыдэкІэ щащІахэр Іухьжьым хуэунэтІауэ иужьрей илъэсхэм зэтрихьа суд унафэхэр зэман гъунэгъуэм зэгъэзащІэу щІадзэнущ. Абы папщІэ къащэхуащ самосвалхэмрэ экскаваторхэмрэ.

ЛЬэс зекІуапІэхэмрэ утыкуэхэмрэ щІымахуэм зыпхъэнкІыну техникиз, уэсыр зэрызэщІакъуэну сабэщыпІ машини къащэхуащ. Ахэр кьыхуагъэсэбэпынущ щІымахуэм лъэс зекІуапІэ тещтыкІэхэр гъэкъэбзэнми.

Зэман гъунэгъуэм а техникэхэр Налшык и уэрамхэм щытпІагъунущ икІи къалэ администрацэм цІыкуэм зэхуегъаз абыхэм якІэпхыплъу я лэжьыгъэр къаззрыщыхъум и хьыбар ирагъащІэжыну. Абы елъытауэ щытынущ адэкІи къащэхуну техникэр зыхуэдэнур.

● ЗэІущІэхэр

ПсэупІэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъум топсэлъыхь

Республикэм и Хабзэубзыху Іэнатіэ нэхъыщхьэм и гъатхэ сессием хыхьэ иужьрей зэІущІэр иджыблагъэ зэхэтащ. Иджыпсту къекІуэкІ уз зэрыщІалэм зэрызыщащхьумэ Іэмал псори къагъэсэбэпу ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым жьы хъуа и унэхэм щІэсхэр псэуалъэщІэхэм гъэІэпхъуэным ехьэлІауэ, «правительствэ сыхьэтым» хыхьэу къэпсэльащ КъБР-м зыужьныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алим.

Министрым кьызэрыхигъэщамкІэ, УФ-м и Президентым 2018 гъэм накъыгъэм и 7-м кьыдигъэкІа «Урысей Федерацэм 2024 гъэ хьуху зэрызыужьынум ехьэлІа Іэхуэхэмрэ стратегие кьалэнхэмрэ» Указ №204-р, «Псэуалъэмрэ къалэ щІынальэмрэ» лъэпкъ проектыр, «Ущыпсэу мыхъуну къальыта унэхэр гъэмэщІэн» федеральнэ проектыр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэ №58-м ипкъ иткІэ, мэлыжьыхьым и 10-м къащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу кьъахэ хъуа псэуалъэхэм щІэсхэр 2019 - 2023 гъэхэм къыщІэзгъэІэпхъуэныгъэр» республикэ программэр. 2020 гъэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу программэм и япэ Іыхьэр зэфІагъэкІащ.

ПсэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэнымкІэ фондым жьы хъуа уни 146-м ящыщ зэфІгъэзэнатІэ 6869,94-м щІэс цІыху 343-м (2020 - 2021 гъэхэм къыубыдэу) я лъэлу тхылъэр зэрыпхимыгъэкІам къыхэкІыу, ди республикэм и адреснэ программэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. УФ-м и щІынальэхэм щыпсэуэхэм ЖКХ-м и мылъкум къыхэкІыу зыщІагъэкъуэнущ, Урысейм Ухуэныгъэмкіэ и министерствэм 2020 гъэм и япэ мазищым ирихьэлІэу игъэува уасэм ипкъ иткІэ. 2021 гъэм и индекс-дефляторыр къэльытауэ а бжьыгъэр метр зэбгъэзнатІэм хуэзэу сом 31128-рэ мэхъу.

ПсэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэнымкІэ фонд къэрал корпорацэм щхьэхуэу иращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, фондым и ахъши халъхьэнущ зи гуГъу щІы мылъкум икІи 2020, 2021 гъэхэм ар сом 48518-рэ хъунущ. 2017 гъэм и щІышылэм и 1-м ипэ къихуэу жьы хъуа унэу къальыта псэуалъэхэм щІэсхэр 2020 - 2021 гъэхэм кьрибыдэу гъэІэпхъуэным ехьэлІа лъэлу тхылъ псоми ПсэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и фондыр хэпІащ.

Бэрбэчым кьыхигъэщащ мылъку кьыхуахьыным ехьэлІауэ фондым зэгурыІуэныгъэщІэхэр иращІылІэну зэрамурадыр, фэтэрхэр хэщІэхуным е унэ ухуэным теухуауэ Іуэхур зэфІагъэкІын папщІэ муниципальнэ щІынальэхэм я унафэщІхэм я дежи зэрыгнагъэсынур.

Зытепсэльыхьым мыхьэнэшхуэ зэриІэм къыхэкІыу парламентархэм упщІэ куэд яІэт. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщім и къуэдзэ Жанатаев Сэлим щІэупщІащ псэуалъэ ящІын е хьэзыру щхьэхуэ папщІэ метр зэбгъэзэнатІэм хуэзэу ягъэбелджылыса сом 31128-р ящІкъуэ яримыкъуэр. Министрым абы жэуап къыщыдитым жиІащ районхэм щхьщыпщхуныкІэ ар зэрыуасэ хъарзынэр, ауэ къалэ псэуалъэм дежкІэ мащІэу зэрыщытри икІи программэр зыхуэй хуэззу гъэззэщІа хъуным зэран зэрыхуэхьур.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 21, *гъубж*

♦**Тыркумэным и медицинэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**Бельгием и лъэпкъ гуфІэгъуэшхуэщ - къэралым и щхьэхуитныгъэм теуха декларацэмрэ и конституцэмрэ къащтащ.**

♦**1613 гъэм** Урысейм и пащтыхь хъуащ Романов Михаил Фёдор и къуэр. Романовхэ ящыщу аращ пащтыхь тахъэтэм япэу итІысхьар.

♦**1774 гъэм** Урысеймрэ Тыкумрэ Кючук-Кайнарджи мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэр зэращІылІащ, 1768 - 1774 гъэхэм а къэралитІым ирагъэкІуэкІа зауэр зэриухам и щыкІэхэр.

♦**1829 гъэм** адыгэлІ **Хьэшыр Чылар** япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум къыщІэлІ. Ар щІалэ щІалІащ, 1768 - 1774 гъэхэм къэралитІым ирагъэкІуэкІа зауэр зэриухам и щыкІэхэр.

♦**1906 гъэм** Урысейм и правительствэм и унафэщІу ягъэуващ мэкъумэш Іэнатіэм щыгъэкІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ цІэрыІуэ хъуа **Столыпин Пётр**.

♦**1917 гъэм** Урысей правительствэм и унафэщІ хъуащ Керенский Александр.

♦**1941 гъэм** нэмыцІэ кьхъухьлъатэхэр Москва япэу щхьэщыщхьэри лагъымэхэр щрадзыхащ.

♦**1969 гъэм** Америкэм щыщ астронавтхэу **Армстронг Нилрэ Олдрин Эдвинрэ** «Аполлон-11» кхъухьми икІи, дунеи псом апхуэдэ кьыщымыхьуауэ, Маззм теуващ.

♦**1994 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербыр, Къэрал ныпыр, Къэрал гимныр кьащтащ.

Ди эрэм и пэкІэ 356 гъэм кьалъхуащ дзэзешэ цІэрыІуэ, Македониэ къэрал пъэрдзехьэм и къызэрэпэщакІуэ икІи и пащтыхь **Македонский Александр**.

♦Америкэ тхакІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** къызэралъхьа илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Совет сурэтыщІ, СССР-м и цІыхубз художник **Серов Владимир** къызэралъхуэр илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион **Стрельцов Эдуард** къызэралъхуэр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Куржы уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артистКэ **Брегвадзе Нани** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, актёр **Задорнов Михаил** къызэралъхуэр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистКэ **Гришаевэ Ноннэ** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІтымкІэ, Налшык пшэрэтхьэ-текІыущІыщІынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 22, *бэрэжьей*

♦**Боксым и дунейпсо махуэщ**

♦**ЩІхьэ куцІым и дунейпсо махуэщ**

♦**Москва и уафэр зыхъумахэм я махуэщ**

♦**Азербайджаным и лъэпкъ прессэм и махуэщ**

♦**Таджикистан Республикэм и къэралыбзэм и махуэщ**. 1989 гъэм таджикыбзэр а къэралым и бзэ нэхъыщхьэу щагъэуващ.

♦Африкэ Курыт Республикэм щагъэльапІэ хабзэ гъэщІэгъуэн - жыг хэсэным и махуэр

♦**1795 гъэм** Шереметев Николай и щІапІэм кьыщІэзыІахащ «Останкино» театр-уардзэнэр.

♦**1894 гъэм** Франджым и кьалащхьэ Париж дунейм щыяпэу автомобиль кьызэдэжэхэр щызэхэтащ.

♦**1910 гъэм** Ясная Полянэ хэщІапІэм мафІэсыщхэ кьыщыхьури, Толстой Лев и Іэрыгъэхэр хисхьащ.

♦**1918 гъэм** Урысейм и ЦІыхубз комиссархэм я советым унафэ кьищтащ сондзэджэрэхэм япэщІэтыным теухуауэ.

♦**1927 гъэм** Италием къыщызэрагъэпэщащ «Рома» футбол клубыр.

♦**1944 гъэм** Дунейпсо валютэ фондыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** КъАССР-м и щІалІэу хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

♦**Романовхэ** ящыщу Урысейм и япэ пащтыхь хъуа **Михаил Фёдор и къуэр** къызэралъхуэр илъэс 424-рэ ирокъу.

♦Авиаконструктор щІэрыІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Сухой Павел** къызэралъхуэр илъэси 125-рэ ирокъу. Абы и унафэм щІэту зэпкъралъхьащ кхъухьлъатэ лІэужьыгъуэ 50-м щІигъу. Абыхэм я нэхъ лъэщу кьалъытэхэм хабжэ дзэм кьыщагъэсэбэп Су кхъухьлъатэхэр.

♦КъБР-м и цІыхубз усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІыщокъуэ Алим** къызэралъхуэр илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Франджы уэрэджыкІакІуэ цІэрыІуэ **Матье Мирей** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіакіуэ, композитор, усакІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Газманов Олег** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦АР-м щыщ журналист **Мамрыкъуэ Нуриет** къыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ кинормрэ я урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубз артистКэ **Розанов Ирина** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист, олимп чемпион, Стэнли и Кубокыр тІэунейрэ кьэзыхьа **Зубов Сергей** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІтымкІэ, Налшык пшэрэтхьэ-текІыущІыщІынущ, уэшх кьыщІехьыжыну. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуащы:

Ямылъэгъуа бланэ къаукІыркъым, ирамыгъэкІыжыфыну фызым дзы фІащыркъым.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

● Гу зылъытапхъэ

2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр ихащ.

**«Адыгэ

ПсэупIэкIэ къызэгъэпэща зэрыхъум топсэлъыхь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ мылъкуМкlэ и комитетым и тхьэмадэ Афэщlагъуэ Михаил ведомствэр къыхуридзащ жьы хъуа унэу республикэм иlэм и куэдагъыр къалъытэн зэрыхуейм, программэм и къыкlэлъыкlуэ Іыхьэхэр зыхуей хуэзэу зэфlэха хъун щхьэкlэ.

Апхуэдэуи зэlущlэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей уэрамым тет унэхэм я щытыкlэм, ущыпсэу мылъхъжыну республикэм ит унэхэм я бжыгъэм, фэтэрхэм я уасэм, нэгъуащlхэми.

Хабзэубзыху Іэнатlэм и Унафэщl Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ жьы хъуа унэхэм къыщlагъэкl цlыхухэр Іуэху зэlумыбз куэдым зэрыlууэр - здагъакlуэ фэтэрхэм я щытыкlэм деж щегъэжьагъэ къратын хуей метр зэбгъуэнатlэм и бжыгъэр зэрынэхъ мащlэм деж нэсыжу.

- Іуэхум фlыуэ хэзыщlыкl фы фыкъыхуезджэну сыхуейщ: зэрыlэпхъуэр къуэды тралъхьауэ къащымыхъуу, абы щыгуфlыкlын хуэдэу дывгъэлажьэ. Зи гугъу тщlы программэм хуэдэхэр щlыщlэр цlыхухэм я псэукlэр едгъэфlакlуэн папщlэщ, - жиlащ Егоровэм.

Зэlущlэм щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Егъэджэныгъэм ехьэлlауэ» и Законым и 5-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» унафэм и проектым. КъБР-м и Парламентым 2020 гъэм и гъатхэ сессием хыхьэу екlуэкlыну зэlущlэхэм я планым халъхьа зэхъуэкlыныгъэхэм тепсэлъыхьащ ар зэхьэлIа комитетым и унафэщl Кансаевэ Еленэ. Апхуэдэу федеральнэ законхэм я проектхэм, щlыпlэ самоуправленэхэм я лэжьыгъэм, Псэупlэ, Мэз кодексхэм халъхьэну зэхъуэкlыныгъэхэм, нэгъуэщlхэми тепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхыльыр республикэм и Іэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм щыпашэхэм зэрыратынум и унафэри ящlащ.

Зэlущlэм и кlэуэху парламентархэр гуапэу ехъуэхъуащ Дунейпсо Олимп Комитетым и унафэкlэ Олимпиадэм и дыщэ медалыр зыхуагъэфэща Махуэ Билаллрэ абы и гъэсакlуэхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущlапlэ.

● Альпинизм

Хъуэхъу лей щыIэкъым

Дызэрыщыгъуаэзщи, Азием и мызакъуэу дуней псом щынэхъ лъагэ Джомолунгмэ (Эверест) тIэуней дэкlащ ди лъэпкъым щыщ бзылъхугъэ тельыджэ Мэз Каринэ.

А БГЫМ и лъагагъыр нобэми тэрэзу убзыхуэ хъуакъым, ауэ ягъэ ар къэзыпщытар инджылыз зекlуэлI, бгырыкlуэ Эверест Джорджщ. А Іуэхугъуэ мытынышыр зэрызэфlигъэкlам къыпэкlуэу, абы и цlэри фlащыжащ.

2020 гъэм илъэс 230-рэ ирокъу Эверест Джордж къызэралъхурэ. Абы ирихьэлIэу сехъуэхъуну сыхуейт ищхьэкlэ зи гугъу сщlа Мэз Каринэрэ Африкэм щынэхъ лъагэ дыдэ Килиманджарэ бгым и щыгу ихьауэ щыта Жэман Ахьмэдрэ. Гушхуэ якlуэцlыпlуэ къыщlэкlащ ди пщащэми, ди щауэми. Зытета Гъуэгуанэкlэ зэхуэмыдами, зэгъуэсу зэдемыжьами, а тIур хущlэкъуащ, лъэпкъым ди пщlэ, ди щlыхь нэхъри яlэтын папщlэ, гугъуехьышхуэ зыпылъ гъуэгуанэ зэпачу, узыншэрэ бэIутIэIуншэу ди лъахэм къагъэзэжьыну.

Инщ дунейр. Къурышщхьэхэм дэкlыну хъуапсэу, зи гугъу тщlы лъагъуэ шынагъуэм хуэдэхэм техьащ бгырыкlуэ куэд, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм ящыщу къэзымыгъэзэжар мащlэкъым. Зэман блэкlа псоми къриубыдэу, Урысейм щыщ бзылъхугъуэ плIы Джомолунгмэ дэкlамэ, Каринэ етхуанэщ, уеблэмэ икlи еханэщ, а Іуэхур тIэунейрэ зэрызрирэхъулIар къэтлъытэмэ.

Къурышщхьэр хъэзыгъуэрыщlа гупыр къыщхьэжьынум, Каринэ здыдиха адыгэщI Іэмышlэр къыр лъабжьэм кlэщlилъхьэри, и щхьэщыгум ди ныпхэри щигъэхуэрзащ. Фlыщlэри щытхъури ейщ ди нарт пщащэм. «Адыгэ-шэрджэс лъэпкъым тIэунейрэ и лIыхъужь» цlэр фlэтщим хъуну къызолъытэ абы.

ЛIыгъэшхуэ зэрыхьащ Жэман Ахьмэди. Метр 5895-рэ зи лъагагъ Килиманджарэ ди лъэпкъым щыщу япэу дэкlа адыгэлIщ ар. Щыщlыкlуа Іыандарэ къырхэр и плъапIэу, и хъуэпсапIэу, и нэгу зегъэужьыпIэу, «зыдэмыхьа къуакlэ лы зэрыщlэщу» къиухуэу къэтlуэгурыкlуа щlалэщ Ахьмэд. Икlэм-икlэжьым, къыру щыIэм къраухьэкl жыхуаIэ Килиманджарэм дэкlа ныужь, игу псэхугъуэ зэригъуэтам шэч хэлъкъым. Сэ къысlылъсу къызолъытэ Жэман Ахьмэд а и зэфlэкlыр тхыдэм къыхэна Хъэшыр Чылар лIыгъэу зэрихьам пэжыпIхъэу. Тхьэшхуэм къыдитыну, къыдипэсыну солъэIу Каринэрэ Ахьмэдрэ хуэдэ куэд.

Апхуэдизкlэ сыхуейщ ахэр лъэпкъым куэдрэ тхуэпэсэну, тхуэузыншэну, уеблэмэ языхэзым Эверест е Килиманджарэ трагъэзэну софlэкъабылкъым. Сэ си хъуэхъур сухащ, «Хъуэхъу лей щыIэкъым» зэрыжаIэу, «Адыгэ псалъэм» ещlэжьэр ди лIыхъужьхэм фехъуэхъуну фыхуитщ. Иугъащlэ ди адыгэ-шэрджэс лъэпкъым, лIыгъэ зезыхьэм пшэрыхь хущинэрэ фlыщlэ жыг хуэхэцсэу къэзгъуэгурыкlуа си лъэпкъ дыщэм!

ПЩЫХЬЭЩIЭ Абдул.
Щхьэлыкъуэ къуажэ

Аргуэжь - цlыху зэхуэсыпIэ.

Бэдадэ - дз хьэжа. Шхынхэлъхьэу зэрахьэу щытащ, нэхъыбэм шыпс щащlкlи халъхьэрт. Бешкъэзакъхъэблэм и нэхъыжьхэм нобэми жаIэж я анэшхуэхэм дэшыпс ящlу зэрыщытар. Дэшыпсыр шхыныгъуэ лIэужьыгъуэу нобэ къыщыщэтенар шапсыгъэхэм я дежщ.

Гуэгуэн ныбэф - гуэгуэн лIэужьыгъуэщ, и Іур бгъуэзэр и кур ину. Бешкъэзакъхъэблэм 1940 гъэхэм пщIондэ зэрахьащ.

Гублыщ I - къамылыпIэ.

Гублыщ II - гъужа хьэзыру къэкlыгъэ щыкl, щыбэ шэдыпIэ.

Гъэпlэжьын - зи псэ зэкlагъащlэр щызэрагъэзэхуэжкlэ, апхуэдэу жаIэ. Дунейм ехьжам и жьэпкъыпэр щlапхэри, и нэгум мыхъуу и щхьэм щэкlыщхьэ щабэ гуэр къытрапхъуэ. ПIалъэ-пIалъэкlэрэ къытрагъэзэжурэ, дунейм ехьжам и лъэм йоIуэсэ. Тхьэмыщкlэр дийуэ щыхуэжьэкlэ, и нэгум нэхъыжьхэр йоплъэ. Зы медан гуэрым хуэзэу ар жаIуи зэхьибох: хьэдэ нэпсыр щlокl, жаIуэ. Мыбы иужь хьэдэм и нэгум тепхъуэ пIащlэ гуэр къытрапхъуэ, нэхъ Іуву зыгуэр телъами, ари трахри, и кlыхьагъым тещlыхьауэ щэкlыпхъэ хужь къытрапхъуэ, малъхъэдис и гущlыум тралъхъэ. Хьэдэр игъэплIэж, жаIэмэ, аращ къыкlэкlащ.

Гъэпlэхъуэн - гъэжкъуэн.

Джэдыкlэ фампIэ - джэдыкlэм тепIэ фэ. Хьэтlохъущlыкъуейхэм «Джэдыкlампlэ» жаIэ.

Дурмэчаучэ - делэIуделафэ. Бешкъэзакъхъэблэм я бзэм щыщщ.

Дурмэчач - дурмэчаучэм къикl дыдэр къокl. Щоджэнхэблэхэм я къэпсэлъыкlэщ.

Дэкуро - дэ ущыкъуея.

Зэбын - унагъуэм щыщ гуэр зыIэщlэукlам хуигъэгъуэ бын хьэкъкlэ ар зыфlэкlуэда анэм щищlэжкlэ, щхьэхуитыну лIыукl хъуар а анэм зэрыхущытым апхуэдэу йоджэ. «Зэбын зэхуэхъуащи, къыплъуари Іэщlэмыхуауэ пIэрэ жыIпIэну зэхущытым», жаIэ.

ЗэщIасэ - къэзыщlэ щымыIэу щхэуу зэкlэлъкlуэда, зи яку щlасэ щхэу дэлъ цlыхуитI.

И цеикlэ къуащlэр гъуэнэн - сыт къыхэхъуэми зыми имыщхьапэуу зыфlэкlуэдыжьым, кърихьэлIэр зэмыхъулIэм щхьэкlэ и цеикlэ къуащlэр гъуанэщ, жаIэ.

Курэпщlырэ - къыпlэ гъэгъупlа, мыгъуа-мыщlынэу щыту.

Къэбыхъу матэ - къэб жыlэращ, дэкурэм халъхьэу щытащ.

Къуажэдэс - пхыдзауэ псэу, зи псэукlэрэ зи щытыкlэ хэхарэ зиlэж хьэблэм щхьэкlэ жаIэ.Лампlэжьыкъуэ дэсхэм нобэр къызэдэсым апхуэдэу йоджэ.

Къуэтlыхь - лъаганIэхэм, быдапIэхэм я хъуреягъкlэ щызэтетхъуа щытхым араш зэреджэр.

Къулкъэш - пщым Іэщlэкlыу кlыхьэжа унэIут. Хьэтlохъущlыкъуейхэм псалъэр «къулькъэш-гъэн»-у къапсэлъ.

Къэбалэпрыжэ - еплъ хьэдэпэрыкlуэм.

Къэуауэ - псыкъуийм псыр къэрыхауу джэрзэу щхьэщыт пкъожьейм хьэтlохъущlыкъуейхэр зэреджэр araщ.

Къэужьымэ - къэужь гъэгъуа. Нэхъыбэрэ зэхэпхынур «къэужьомэ» къапсэлъыкlэращ.

Кlэщlэфэщэн - Іэбэнпlэбэн.

Лашкlэ - Іэкlэ япl, къыщалъхум зи анэр зыфlэкlуэда шкlащlэм щхьэкlэ жаIэ.

Лэмастэ - мастэ лIэужьыгъуэщ, и Іуданэ иупIэр ину.

Мафlэстхъу - дэп жьэражьэ.

Мэчэхьан, Мэчэр - Къурlэн Іыхьлы зыну зыхуэзхъуапсэ, дин щlэныгъэкlэ зыхуэупсэ хъыджэбз щlыкlуэхэм апхуэдэцlэ фlащу щытащ.

Ныр - сабиибзэм щыщщ, бгъуэнщlагъым щхьэкlэ жаIэ. Щоджэнхэблэм зэрахьэ псалъэщ.

Пщыдадэкъуэ хъуам нэхъей - зыкъызыфlэщlыжа щlалэжь щlы-кlум щхьэкlэ гушыIэу нэхъыжьхэм къапсэлъ.

Пlыргъыш - зыми щымыщ, мыхьэнэншэ.

Санащхъэ гъэгуа - чыщмыщ. Бешкъэзакъхъэблэм щыщ щlыхьжкlэ, щхьэхуитыну лIыукl хъуар а анэм зэрыхущытым апхуэдэу йоджэ. «Зэбын зэхуэхъуащи, къыплъуари Іэщlэмыхуауэ пIэрэ жыIпIэну зэхущытым», жаIэ.

Тlарыкъэ - бжьых. Къалэдэсым щыщ.

Тхъущlэж - тхъущlынэр щагъэзвэжкlэ, къыкlэщlэну вэжауэм щхьэкlэ араш жаIэр. «Тхъувэжауэ» псалъэри зэрахьэ.

Уэскlапщlэ хэтын - махуэ псом емыкlуэлIэжу уэскlэ щызэдзджэгум деж апхуэдэу жаIэ. Еджапlэм къыщlагъуа е Іэхутхьэбзащlэ ягъэкlуауэ щlэх къэмысыжа сабийм щхьэкlэ «Уэыхэтар уэскlапщlэ, дэнэ ущыкlуэдар?» жаIэ.

Уэстыку - уэсыр щатхъуакlэ, дэнэ лъэныкъуэкlи къыщратхъулIэу ягъэнахуэ щыпIэ.

Фаlэ - узыфэ лIэужьыгъуэщ, щыфэм Іэнапlэ-Іэнапlэуэрэ хужьыгъэ къытридзэм араш зэреджэр.

Фотэгъэгъу - пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа зэмылIэужьыгъуэ зыкъом щыкlу-щыкlуу зэхаупщlатэрэ фокlэ зэIахьжмэ, араш зэреджэр.

Фlыщlэру - фlыщlабзэ, фlыщlэ дыдэ.

Хабзауэ - щlыхум къыздащта унафэм емыувалIэм, ебакъуэм щхьэкlэ апхуэдэу жаIэ.

Хэбзэуэн - жьлэм къыздащта унафэр щакъутэм деж «хэбзэуащ» жаIэ.

Хьэдагъэ тIэкlу - дунейм ехьжам кlыхьу бгъэдэсыну ар зыщlэлъ унэм щlыхьэ щlыхухъу гупым щхьэкlэ «хьэдагъэ тIэкlу ящlыну щlыхьащ» жаIэу псэлъафэ щlыщlэ. Хьэдагъэ тIэкlу зыщlыр щэнт щlыкlу тесу хьэдэм щхьэщlысыщ.

Хьэдагъэ удж - игъуэ нэмысу дунейм ехьжахэм я хьэдащхьэм къеуджэкlыу щытащ адыгэр пасэм. Мыбы и хъыбарыр мыпхуэдэм иращlэкlащ жаIэу куэдрэ Щоджэнхэблэм къаIуэтэжу зэхэпхынщ. Абы къыщlыщlыкlыу Хьэтlохъущlыкъуейхэм «Удж епщlэкl Іхунущ, и уэредадэщ» жаIэу нэгъуэщl жыIэгъуэ яIэщ.

Хьэдагъэ шхын - гуIэ шхыни жаIэ. Гуауэ зиIэ унагъуэм исхэр, къадинауэ къабгъэдэсхэр гъунэгъуэхэм ягъашхэу щытащ. Унащхьэ чэзуэкlэрэ махуибл ирикъуэу апхуэдэу ящlырт. Жьэрымэр махуибл нэужьращ ягъэун щыщlадэу щытар, хьакlуэ-накlуэр зэпыуу унагъэр и Іуэху хыхьэжа нэужь.

Хьэдамэ - хьэдэгъэпскlэ гупым щыщу сабиныр зытхъунщым араш зэреджэр.

Хьэдэ гъуэ - дунейм ехьжам щlыхуэ телъмэ, ипшынын хуейуэ зыгуэр къытенамэ, лIам и цlэкlэ и анэшым щыщ дыуэщlым къахоувэри, «мы тхьэмыщкlэр иужьрей гуэргуанэ темыувэ щыкlэ, зи щlыхуэ телъым къжьыфlэ, е хуэвгъэгъу, е дывгъэпшын», жери. Абы хьэдэ гъоущ зэреджэр.

Хьэдэгуlэ хъун - дунейм ехьжам и напIэ лъэныкъуэр щахуэзтемыпIэжьмэ дже апхуэдэу жаIэ. «Зыгуэр игу къоуэ е илъэгъужьныуIэуэ хуейщ, тхьэмыщкlэ, хьэдэгуlэ хъуа мыгъуэщ», жаIэ.

Хьэдэгуажэ - дунейм ехьжам и хьэдэгъэпскlым далъэгъуар ирамыгъэIуэтэн щхьэкlэ, «хьэдэгуажэ фымыхъу, Тхъэм и гуажэм фыщыщгъ» жаIэр. Хабзэкlи къэкlукъым, динкlи гуэныхьщ, жаIэрт. Ноби зэрахьэ псалъэщ.

Хьэдэпсэгъэгуфlэ - хьэдагъэ зэхэмыкlыж щыкlэ унагъуэм хэхъуэ ягъуэтамэ, дунейм къытехьа цlыкlум ехъуэхъурт апхуэдэу зыхуагъазэурэ. Узун-Яйла ноби ит Бешкъэзакъхъэблэм «Хьэдэгъэгуфlэ ухъу!» жаIэу хьэхъуфэ зэрахьэ. ПсалъитIри зэподжэж.

Хьэдэпхыж - хьэдэр шыкхъаблэ ящlу зейм щыхуашэжьм деж, къызэрашэжа щlыкlэм елъытауэ, апхуэдэу жаIэрт. Зы нэхърэ нэхъыбэмэ, шыкхъаблэ зеуалэм пхъашэу имыгъэсысын щхьэкlэ, хьэдэр зыкlуэцlылIэ щlакlуэр зэрапхырт. Аращ хьэдэпхыж жыхуаIэр.

Хьэдэпэрыкlуэ - кхъаблэм телъ дахьм итэ къыиуэм щхьэкlэ жаIэ. Адыгэм ягъэдахэу щытаблэ, «Хьэдэпэрыкlуэ фымыхъу, хьэдэпсэр зэхэзежэ фощl», жаIэрт.

Хьэдэрэт хьэдэ - зыщlыщыр ямыцlыхуу, къызэдикlар ямыщlэу, зи хэтыр яхуэзэхмыгъэкlауэ щlы-бжьэуцэу ущкъулэн жыхуиIэр урысибзэкlэ «опыление» жьхуаIэращ. Иджы мис а жьлэкlэ нэрылъагъуэ нэрымылъагъуэ жьым зэрихьэу тIэпIыр, багъуэр, хэхъуэращ хьэуцэ-бжьэуцэ хъужри.

Хьэц-шыцу пхъын - бдзэжьейм бдзэжьей хугур щипхъкlэ, жаIэр аращ.

Хьэчыдэ - дз цlынэм и фэр трахырти ягъэгъурт. Хущхъуэгъуэу къалъытэу щытащ. Фом хэлъу яшхырт. Хьэч жыхуаIэр дэ зытемытыжьж дз купщlэращ.

Цыпэн - бзгъэн, хэхъуэн, зыужьын.

Цыпэпхъу - зэIусэр пигъэщу жан дыдэ.

Щэтегъэуэж - жащщlэс дэкlыу тхьэмахуэ нэблагъэкlэ къуажэм къэмыкlуэжьнумэ, губгъуэм къыщыкl пхъощхьэмыщхьэхэр къыпачырт, цlыкlуу зэпагъэхурти, дыгъэ жьэражьэм хэлъу махуитIщыкlэ ягъэгъурт. Абы шэр хакlэжырти, щэтегъэуэж хъужыр арат. Щэтегъэуэжыр пхъэщхьэмыщхьэм и гуащlэр къыщlыхьэу губгъуэ ныжьыгъуэм зэрахьэу щытащ.

Щlалабжэ - хьэдагъэм здыхэтым пыхьэурэ «сыунэхъужащ» жиIэу е абы ещхьыфэ нэгъуэщl псалъэ нэхъ къыфlэзымыгъэкlым щхьэкlэ «щlалабжэ ещl» жаIэ. «Щlалэ» жыхуиIэр «ныбжьыщlэу» къыбгурыуэн хуейщ мыбдеж. Псалъэр ноби зэрахьэ.

Щауэкlэ - зэпсэлъыхъуитIым щыщу хъыджэбзыр дунейм ехьжжэ, къэна щlалэм апхуэдэу еджэрт. Кхъаблэр зыIэтхэм хагъэувэу хабзэ щыIауэ яIуэтэж.

Мыбы хъыбар гъэщlэгъуэн куэд пылъщ. Псалъэм и хьэтыркlэ, щlалъхьагъащlэм и хьэдэпсэр апэ махуищым зэхэзехуэн мэхъыри, пщэдджжьыпищкlэ дэкlын хуейщ жаIэрти, дунейм ехьжам и Іыхьлы гъунэгъу дыдэхэм щlыщlэр къхэм кlуэхэрт. Дунейм ехьжамкlэ щауэкlэмэ апхуэдэ хъэкъ къытехуэу къалъытэрт.

ЩIалэхэдэ - хъыджэбздэс зиIэ анэшхуэхэм ахэр гъусэ ящlрэ джэгу щыкlуэкlэ, мор е мыр къэгъафэ жаIэу щlалэхэр къыхуарджарэ зэ пхър кърагъэгъафэмэ, «нанэхэр щlалэхэдэ къежьащ» жаIэу зы псалъэ щыIэщ. Ноби къуажэм щызэрахьэ.

Іэшкlул - Іэпхъуамбэшхуэмрэ зыгъэлъагъуэ Іэпхъуамбэмрэ я зэхуакум илъ лыфэм аращ зэреджэр.

Япэнэс - Іуэхутхьэбзащlэу ирагъэжьахэм ящlыщу зи Іуэху Іыхьэр нэхъ псынщlэу къезыхьэлIэу къызыхуэтынщэу зэфlэзыхьым апхуэдэу йоджэ. Псалъэр Щоджэнхэблэхэм къахьжащ, къуажэм ноби щызэрахьэ.

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ къуажэ

● Адыгэбзэм щыщщ

ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и псалъэ

Пlыргъыш - зыми щымыщ, мыхьэнэншэ.

Санащхъэ гъэгуа - чыщмыщ. Бешкъэзакъхъэблэм щыщ щlыхьжкlэ, щхьэхуитыну лIыукl хъуар а анэм зэрыхущытым апхуэдэу йоджэ. «Зэбын зэхуэхъуащи, къыплъуари Іэщlэмыхуауэ пIэрэ жыIпIэну зэхущытым», жаIэ.

Тlарыкъэ - бжьых. Къалэдэсым щыщ.

Тхъущlэж - тхъущlынэр щагъэзвэжкlэ, къыкlэщlэну вэжауэм щхьэкlэ араш жаIэр. «Тхъувэжауэ» псалъэри зэрахьэ.

Уэскlапщlэ хэтын - махуэ псом емыкlуэлIэжу уэскlэ щызэдзджэгум деж апхуэдэу жаIэ. Еджапlэм къыщlагъуа е Іэхутхьэбзащlэ ягъэкlуауэ щlэх къэмысыжа сабийм щхьэкlэ «Уэыхэтар уэскlапщlэ, дэнэ ущыкlуэдар?» жаIэ.

Уэстыку - уэсыр щатхъуакlэ, дэнэ лъэныкъуэкlи къыщратхъулIэу ягъэнахуэ щыпIэ.

Фаlэ - узыфэ лIэужьыгъуэщ, щыфэм Іэнапlэ-Іэнапlэуэрэ хужьыгъэ къытридзэм араш зэреджэр.

Фотэгъэгъу - пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа зэмылIэужьыгъуэ зыкъом щыкlу-щыкlуу зэхаупщlатэрэ фокlэ зэIахьжмэ, араш зэреджэр.

Фlыщlэру - фlыщlабзэ, фlыщlэ дыдэ.

Хабзауэ - щlыхум къыздащта унафэм емыувалIэм, ебакъуэм щхьэкlэ апхуэдэу жаIэ.

Хэбзэуэн - жьлэм къыздащта унафэр щакъутэм деж «хэбзэуащ» жаIэ.

Хьэдагъэ тIэкlу - дунейм ехьжам кlыхьу бгъэдэсыну ар зыщlэлъ унэм щlыхьэ щlыхухъу гупым щхьэкlэ «хьэдагъэ тIэкlу ящlыну щlыхьащ» жаIэу псалъафэ щlыщlэ. Хьэдагъэ тIэкlу зыщlыр щэнт щlыкlу тесу хьэдэм щхьэщlысыщ.

Хьэдагъэ удж - игъуэ нэмысу дунейм ехьжахэм я хьэдащхьэм къеуджэкlыу щытащ адыгэр пасэм. Мыбы и хъыбарыр мыпхуэдэм иращlэкlащ жаIэу куэдрэ Щоджэнхэблэм къаIуэтэжу зэхэпхынщ. Абы къыщlыщlыкlыу Хьэтlохъущlыкъуейхэм «Удж епщlэкl Іхунущ, и уэредадэщ» жаIэу нэгъуэщl жыIэгъуэ яIэщ.

Хьэдэгъэ шхын - гуIэ шхыни жаIэ. Гуауэ зиIэ унагъуэм исхэр, къадинауэ къабгъэдэсхэр гъунэгъуэхэм ягъашхэу щытащ. Унащхьэ чэзуэкlэрэ махуибл ирикъуэу апхуэдэу ящlырт. Жьэрымэр махуибл нэужьращ ягъэун щыщlадэу щытар, хьакlуэ-накlуэр зэпыуу унагъэр и Іуэху хыхьэжа нэужь.

Хьэдамэ - хьэдэгъэпскlэ гупым щыщу сабиныр зытхъунщым араш зэреджэр.

Хьэдэ гъуэ - дунейм ехьжам щlыхуэ телъмэ, ипшынын хуейуэ зыгуэр къытенамэ, лIам и цlэкlэ и анэшым щыщ дыуэщlым къахоувэри, «мы тхьэмыщкlэр иужьрей гуэргуанэ темыувэ щыкlэ, зи щlыхуэ телъым къжьыфlэ, е хуэвгъэгъу, е дывгъэпшын», жери. Абы хьэдэ гъоущ зэреджэр.

Хьэдэгуlэ хъун - дунейм ехьжам и напIэ лъэныкъуэр щахуэзтемыпIэжьмэ дже апхуэдэу жаIэ. «Зыгуэр игу къоуэ е илъэгъужьныуIэуэ хуейщ, тхьэмыщкlэ, хьэдэгуlэ хъуа мыгъуэщ», жаIэ.

Хьэдэгуажэ - дунейм ехьжам и хьэдэгъэпскlым далъэгъуар ирамыгъэIуэтэн щхьэкlэ, «хьэдэгуажэ фымыхъу, Тхъэм и гуажэм фыщыщгъ» жаIэрт. Хабзэкlи къэкlукъым, динкlи гуэныхьщ, жаIэрт. Ноби зэрахьэ псалъэщ.

Хьэдэпсэгъэгуфlэ - хьэдагъэр зэхэмыкlыж щыкlэ унагъуэм хэхъуэ ягъуэтамэ, дунейм къытехьа цlыкlум ехъуэхъурт апхуэдэу зыхуагъазэурэ. Узун-Яйла ноби ит Бешкъэзакъхъэблэм «Хьэдэгъэгуфlэ ухъу!» жаIэу хьэхъуфэ зэрахьэ. ПсалъитIри зэподжэж.

Хьэдэпхыж - хьэдэр шыкхъаблэ ящlу зейм щыхуашэжьм деж, къызэрашэжа щlыкlэм елъытауэ, апхуэдэу жаIэрт. Зы нэхърэ нэхъыбэмэ, шыкхъаблэ зеуалэм пхъашэу имыгъэсысын щхьэкlэ, хьэдэр зыкlуэцlылIэ щlакlуэр зэрапхырт. Аращ хьэдэпхыж жыхуаIэр.

Хьэдэпэрыкlуэ - кхъаблэм телъ дахьм итэ къыиуэм щхьэкlэ жаIэ. Адыгэм ягъэдахэу щытаблэ, «Хьэдэпэрыкlуэ фымыхъу, хьэдэпсэр зэхэзежэ фощl», жаIэрт.

Хьэдэрэт хьэдэ - зыщlыщыр ямыцlыхуу, къызэдикlар ямыщlэу, зи хэтыр яхуэзэхмыгъэкlауэ щlы-бжьэуцэу ущкъулэн жыхуиIэр урысибзэкlэ «опыление» жьхуаIэращ. Иджы мис а жьлэкlэ нэрылъагъуэ нэрымылъагъуэ жьым зэрихьэу тIэпIыр, багъуэр, хэхъуэращ хьэуцэ-бжьэуцэ хъужри.

Хьэц-шыцу пхъын - бдзэжьейм бдзэжьей хугур щипхъкlэ, жаIэр аращ.

Хьэчыдэ - дз цlынэм и фэр трахырти ягъэгъурт. Хущхъуэгъуэу къалъытэу щытащ. Фом хэлъу яшхырт. Хьэч жыхуаIэр дэ зытемытыжьж дз купщlэращ.

Цыпэн - бзгъэн, хэхъуэн, зыужьын.

Цыпэпхъу - зэIусэр пигъэщу жан дыдэ.

Щэтегъэуэж - жащщlэс дэкlыу тхьэмахуэ нэблагъэкlэ къуажэм къэмыкlуэжьнумэ, губгъуэм къыщlыкl пхъощхьэмыщхьэхэр къыпачырт, цlыкlуу зэпагъэхурти, дыгъэ жьэражьэм хэлъу махуитIщыкlэ ягъэгъурт. Абы шэр хакlэжырти, щэтегъэуэж хъужыр арат. Щэтегъэуэжыр пхъэщхьэмыщхьэм и гуащlэр къыщlыхьэу губгъуэ ныжьыгъуэм зэрахьэу щытащ.

Щlалабжэ - хьэдагъэм здыхэтым пыхьэурэ «сыунэхъужащ» жиIэу е абы ещхьыфэ нэгъуэщl псалъэ нэхъ къыфlэзымыгъэкlым щхьэкlэ «щlалабжэ ещl» жаIэ. «Щlалэ» жыхуиIэр «ныбжьыщlэу» къыбгурыуэн хуейщ мыбдеж. Псалъэр ноби зэрахьэ.

Щауэкlэ - зэпсэлъыхъуитIым щыщу хъыджэбзыр дунейм ехьжжэ, къэна щlалэм апхуэдэу еджэрт. Кхъаблэр зыIэтхэм хагъэувэу хабзэ щыIауэ яIуэтэж.

Мыбы хъыбар гъэщlэгъуэн куэд пылъщ. Псалъэм и хьэтыркlэ, щlалъхьагъащlэм и хьэдэпсэр апэ махуищым зэхэзехуэн мэхъыри, пщэдджжьыпищкlэ дэкlын хуейщ жаIэрти, дунейм ехьжам и Іыхьлы гъунэгъу дыдэхэм щlыщlэр къхэм кlуэхэрт. Дунейм ехьжамкlэ щауэкlэмэ апхуэдэ хъэкъ къытехуэу къалъытэрт.

ЩIалэхэдэ - хъыджэбздэс зиIэ анэшхуэхэм ахэр гъусэ ящlрэ джэгу щыкlуэкlэ, мор е мыр къэгъафэ жаIэу щlалэхэр къыхуарджарэ зэ пхър кърагъэгъафэмэ, «нанэхэр щlалэхэдэ къежьащ» жаIэу зы псалъэ щыIэщ. Ноби къуажэм щызэрахьэ.

Іэшкlул - Іэпхъуамбэшхуэмрэ зыгъэлъагъуэ Іэпхъуамбэмрэ я зэхуакум илъ лыфэм аращ зэреджэр.

Япэнэс - Іуэхутхьэбзащlэу ирагъэжьахэм ящlыщу зи Іуэху Іыхьэр нэхъ псынщlэу къезыхьэлIэу къызыхуэтынщэу зэфlэзыхьым апхуэдэу йоджэ. Псалъэр Щоджэнхэблэхэм къахьжащ, къуажэм ноби щызэрахьэ.

● Щыгъуэ псалъэ

Лъэужь дахэ къызэринэкIащ

Цlыху куэдым гущlыхьэ ящlыхъащ Аруан къуажэм и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Къардэн Маринэ Мухьэмэд и пхъур игуэу нэмысу дунейм зэрехьжар. Гъащlэр фlыуэ зылъагъу, сыт хуэзэ Іуэхуми хуэжьыдэжр, ицlыхухэм яхуэгумащlэ, имыщlыхуэмэи яхуэбзэIэфl Маринэ гъащlэ мащlэу къыщlэкlащ.



АРУАН блэкl федеральнэ трассэм тет «Къардэн» шхапIэ и пщlантIэ щигъэлажьэрт Маринэ. Абы ипэ Аруан щыналъэ сымаджэщым илъэс 30-кlэ медсестра нэхъыжьу щыIэжьат. Арагъэнт куэдым къыщlаIыхьури, мы махуэхэм иужьрей псалъэ гуапэхэр щlыхьэ щlыналъэ.

Зи хьэгъуэлIыгъуэ, махуэ лъапIэ, гущэхэпхэ, лъэтеувэ, гуфlэгъуэ Іуэху а рестораным щыдзэхыхуэ Маринэ хуэмыарэзы абы къыщlэкlыжауэ къыщlэкlынкъым. Ерыскъыкlэ жумартт а бзылъхугъэр, сомкlэ нэпсейтэкъым, хабзэкlэ ущигъэунэтэкъым, Іуэхукlэ къыпкъуэувэнут.

Блэжку едзэкъэну щlыхьахэми шхапIэм щызэкlуэ хабзэмрэ ерыскъы Іэфlымрэ ягъэщlагъэрт. Псори зи фlыщlэр Маринэт, хьэлэлагърэ гукъабзагъкlэ абы къытекlуэн гъэтыгъуейт.

Гуауэщ апхуэдэ цlыхум блэкlа зэманым иту утепсэлъыхьыныр. Апхуэдизкlэ жант, нэфlэгуфlэт, жыджэрти, лIэныгъэ зыми хуихьажьым, къеуэпIа уэми къемылыну я пщlыхьэпIэ къыкъэхуакъым. Ауэ цlыхуфlэр нэхъ пасэу Алыхым зыбгъэдешж жыхуаIэр пэжу къыщlэкlынщ, Тхьэм апхуэдэу иухати, махуэ зыбжанэкlэ сымэджа нэужь, тхэкlыжащ.

Шэч хэлъкъым Маринэ и жэнэтыбжэр зэрызэIухам. Пэжьэным хуэщlхьэхъуэтэкъым ар, жэщ, махуэ имыIэу Іуэхум пэрытт, сому къилэжьми жумарту псапэ хитыкlырт. Махуэшхуэхэм деж къуажэм дзс сабий ныкъуэдыкъуэхэм защlигъакъуэрт, саугъэтхэмкlэ яхуэупсэрт, и шхапIэм кригъэблагъэрти, пшыхь нэгъуэныжьхэр яхуэзхишэрт. Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэр зыхуей зэхуэсу игъэлажьэрт, лъэпощхьэпо куэдым я хэкlыбжьэуцэу ущкъулэн жыхуиIэр урысибзэкlэ «опыление» жьхуаIэращ. Иджы мис а жьлэкlэ нэрылъагъуэ нэрымылъагъуэ жьым зэрихьэу тIэпIыр, багъуэр, хэхъуэращ хьэуцэ-бжьэуцэ хъужри.

Хьэц-шыцу пхъын - бдзэжьейм бдзэжьей хугур щипхъкlэ, жаIэр аращ.

Хьэчыдэ - дз цlынэм и фэр трахырти ягъэгъурт. Хущхъуэгъуэу къалъытэу щытащ. Фом хэлъу яшхырт. Хьэч жыхуаIэр

1829 Апэ урысей альпинист адыгэ щIалэ

Ди унагъуэцIэмрэ лъэпкъым и тхыдэмрэ убзыхуауэ тхыльхэм иэзгъауэ къыщыщIидзэр Чылаерым и дежщ. Абы лъандэрэ лъэпкъищхэм я тхыдэм ебгъапщэмэ, куэд дыдэ хъуакъым, илъэс щитIым нэсауэ арат.

СИ АДЭ Къэрэбат зэрыжиIэжу щытамкIэ, ди лъэпкъыр Брамгъэм къиIэпхъуКIри Кушнэзыкъуей жьлэжьым дзтIысхьауэ щытащ.

Дэ ди сабиигъуэм, 1920 - 1930 гъэхэм, Кушмэзыкъуейм Чылар унагъуэцIэ зэрахьэу унагъуитхущ дэсар. Аращ къатепщыкIауэ щытащ **Чылархэ** (ипэIуэкIэ Хьэшыр унагъуэцIэ зезыхьахэм) **Тепсэрыкъуэ, Щэрэлыкъуэ, Хьэмлакъ** сымэ.

Тепсэрыкъуэ иIащ куущ: Елдаркъуэ, Къэрэбат (си адэр), **Батырхъан; Щэрэлыкъуэ - Джэхуэрэ Батырыгуэ; Хьэмлакъ - Хьэпагуэрэ Хьэжсетрэ**. А зэкъуэшищыр (Тепсэрыкъуэ, Щэрэлыкъуэ, Хьэмлакъ) Умар и къуэхэт.

1886 гъэм Урысейм Къэбэрдейм щригъэкIуэкIа къыхэтхыкIынгъэм къыхэзыхэщыкIэ, ди адэшхуэ Тепсэрыкъуэ илъэс 38-рэ, Щэрэлыкъуэ - 36-рэ, Хьэмлакъ - 31-рэ я ныбжьт икIи зи цIэ къыжьIа я къуэхэри, Хьэжсет нэхъ къэмыту, спискэм итхэт. Абыхэм я ныбжьыр щытщIэкIащ, ахэр кьыщалъхуа гъэхэри къэгъэуэтыгъуейкъым. Тепсэрыкъуэ - 1848, Щэрэлыкъуэ - 1850, Хьэмлакъ - 1855 гъэхэм къалъхуащ.

Шортэн Аскэрбий зэриятыкIэ, Чылар Iуащъхьамахуэ щыдзкIым и ныбжьыр илъэс 25 - 26-рэ хъурт. Уи фIэщ пщIы хъунщ ар пэжу, абы илъэс 25 - 30 а лъхьэнэм и ныбжьауэ. АтIэ Хьэшыр Чылар 1800 гъэхэм и пащIэдзэм къалъхуащ. Абы иIащ къуитI - Джырандыкъуэрэ Уэжьыкъуэрэ. Уэжьыкъуэ щIалэу унеидзыкъэ хьэгъуэлIыгъуэм хэкIуэдащ. Абы иIащ къуитI - Къэжбийрэ Алийрэ. 1848 гъэм Джырандыкъуэ и къуэш яуклам папщIэ я анэм (Чылар и цIыхьгъусам) ахъшэ къратыну судым ищIа унэрэр зэрамыгъэзащIэм кьыхэкIыу, Къэбэрдейм унафэ зи Iэмыщ1э илъхэм я пащхьэм Iэхку къыщIэтауэ щытащ.

1863 гъэм, Джырандыкъуэрэ Тепсэрыкъуэрэ (я къуэшхэри ящIыгъуауэ бгъэув хъунущ) Кушмэзыкъуей къыщIэпхъуа илъэсым Тепсэрыкъуэ и ныбжьыр илъэс 15-м итащ. Мы илъэс бжьыгъэхэр къэтщтэнымкIэ сэбэн хъуащ Бейтыгъуэн Сэфарбий къыдигъэкIа «Кабарда в фамилиях» тхылъыр, абы и напэкIуэцI 329 - 331-хэр теухуащ «Килара Хаширова потомки» псалъащхьэ зиIэм.

Зи гугъу сщIа илъэсхэмкIэ къэзгъэлъэгъуну сызыхуейр мыращ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Думэн Хьэсэн 1985 гъэм фокIадэм и 3-м «Кабардино-Балкарская правда» газетым «Ещё раз о Киларе и Ахие» и псалъащхьэу трыригъэдзами, 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м «Адыгэ псалъэм» щитхами хэтщ Тепсэрыкъуэ Чылар и къуэшу хуэбгъэфащэ хъуну.

Хьэшыр Чылар теухуауэ лэжьыгъэ нэхъыбэ дыдэ зиIэр Думэн Хьэсэнщ. Ауэ Чыларрэ Тепсэрыкъуэрэ зэкъуэшкъым. Чылар лэщIыгъуэм и пащIэдзэм хальхуамэ, Тепсэрыкъуэ лIащIэныгъэм и зэхуэдитIым дунейм къытехьауэ аращ.

Ар зыуэ. ЕтIуанэу, лъахэхуэтэЕхьутэныдж Хьэсэн зэритхымкIэ, Чылар и къуэ Джырандыкъуэ и закъуэ 1848 гъэм жьы дыдэ хъуа и анэм и гъусэу Брамтэ дэсащ.

Чылар и къуэш Чылар и къуэш Умар и къуэу аращ.

Ди адэ Къэрэбат кьыхэзыджкIэжу щытамкIэ, ди лъэпкъыр щыпсэуар Брамтэщ, абы къыIэпхъуКIри, нэгъуэщхэри я гъусэу, Кушмэзыкъуейр дэтIысхьащ. КъызыхэкIа лъэпкъкIэ, и цIэ-унэцIакIэ шэч къытезыхьэу псалъэхэм я жэуапщ Думэн Хьэсэн итха-хэр. Ауэ гу зылъытапхъэщ: и унэцIэр Хьэшырщи, ар тэмэму ятх. И цIэм и тхыкIэр Хилларъ-уи, Киллар-уи урохьэлIэ, пэжыр **Килар-щ (Чылар)**.

Тепсэрыкъуэ и бынхэм я фIэщыгъэцIэр 1886 гъэм ятха спискэм зэритыр мыпхуэдэущ: **Елджэрыкъуэ, Къэрэбат, Батырхъан**. Ди адэ Къэрэбат и шынэхъыжь Елджэрыкъуэ бынитку къыщIэнэри, пасэу дунейм ехьжащ. Я шынэхъыщIэ Батырхъан щхьэгъусэ кьимышауэ ябгъэздэкIри, къиГъэзэжакъым. И адэр абы и лъыхъуакIуэ ежьэри, фIамыщI кьыщыщIах шахтэм щылажьэу кьихутауэ щытащ, ауэ къэкIуэжьи идакъым, и лъэужьри бзэхащ.

ДИ САБИИГЪУЭМ дыщыпсэуар иджы Кушмэзыкъуей дэт курыт еджапIэ №2-м и дежщ. Дэ зэкъуэшитху дыхьурт. Зы шыпхъуи диIэт, быныр я нэхъыжьу. Дыщыпсэу унэр зы пэшрэ зы сенэрэ хъурт. А лъахъэнэм кхъуэщынышхэ уэ уиIэныр хэIэтыкIауэ ялъытэрт. Сенэм жьэгу иIэт, чы IуэнтIа уэнжакъ кIуэщIым кхъуей плъыжь, къурт щагъэгъуэу. ПщыхьэщхьэкIэ хъыкор хьэуазэ, сэхуран жэпкъ, нэгъуэщI кIэрыху-бжьэрыкуэхэмкIэ щыдгъэплъкIэ, абы кьищI нэхумкIэ школым кьыдата уэнэ лэжьыгъэхэр дгъэзащIэрт.

Щыымахуэ пщыхьэщхьэкIэ хьэблэм дэс лIыжьхэр чэзуэрэ зы щыпIэ щызэхуэсырти, хьыбар, таурыхъ жаIэу зэхэст. Сэ быным сранэхъыщIэти, ди адэм си Iэпэр иИыгъыу а зэхуэсхэм сыздишэрт. ГъэщIэгъуэн куэд щызэхэтхырт а зэIущIэхэм. ЗыгуэркIэ зэхуэс щымыIэмэ, ди адэр (ар лIы ткIийт) Iуэхум къыщыдэхуэхэм, и гушыIэн къыщиIкъам, жьэгум мафIэ дэп пщтырым дыкъетIысэкIауэ дыздэщысым, кьытхэтIысхьэрти, хьыбар дригъэдаIуэрт. Абыхэм куэдрэ къахэхуэрт Чылар теухуа Iуатэжкэри. Ар кьызэрыджиIэр пэжымрэ жьгупсысамрэ пхуэзэжмыгъэкIыу. «Нэхъапэм ди уиунэIэу зетхьар Хьэшырщ. Лъэпкъым диIащ лIы лъэрызехь - Чылар абы и цIэр. Ар Iуащъхьамахуэ и щыгум дуней псом япэу дэкIащ. Гупшыхуэу ежьэри, бгы лъагэм ебгъэрыкIуэу щIадзащ. Чылар щIакIуэ фIыщIэ, жэз тас, хьэмкIутей баш мыжурэ и пэм пылъу къищтэри, и гъусэ псомИ ящхьэпрыкIри, Iуащъхьамахуэ и щыгум къыщыхутащ. Абдежым, мыжурэ зыпIытI и башыр мылым хиукIэри, мывэкIэ къигъэтIылъыхьащ, Кавказ къыркэр кьызэпилпъыхьащ, мывэ пIащIитIи къызэдищэщ, щIакIуэ фIыщIэм зыкIуэцIигъэджэрэзэри, жэз тасым ису кьежьхьажащ», - жиIэрт Къэрэбат. Хьыбарым и пэ Iыхьэм жиIар уи фIэщ хъуми, иужь псалъэхэр шэчыншэу кьапщтэ хъунутэкъым. Ауэ дэ ди фIэщ дыдэу абы дедаIуэрт: «Пэжу кьыщIэкIынщ Iэжьэ папщIэ таскIэ къежэхыжар», - жиIэрт Къэрэбат. Хьыбарым и пэ Iыхьэм жиIар уи фIэщ хъуми, иужь псалъэхэр шэчыншэу къапщтэ хъунутэкъым. Ауэ дэ ди фIэщ дыдэу абы дедаIуэрт: «Пэжу кьыщIэкIынщ Iэжьэ папщIэ таскIэ

• Лъэпкъым и тхыдэ

Чылар Гъузер Къэрэбат и къуэм и гукъэкIыжхэр

Чылар Гъузер *(сэмэгумкIэ)* **колхоз губгъуэм итщ**. *1989 гъэ*

къежэхыжар», - жиIэрт.

Апхуэдэу гъэщIэрэщIауэ а хъыбарыр кьыдижмыIэтэмэ, сигу кьинэну кьыщIэкIынтэкъым, сыт щхьэкIэ жиIэмэ, сэ абы щыгъуэ сысабийщ. Ар мыхъуамэ, сэ ди адэм сызэрыпкърыуплъыхьи куэд щыIэт, ауэ ди ныбжьыр хуэдгъэфащэу дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэ зыбжанэм ар щымыгъуэзэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Ди адэшхуэ Чылар Тепсэрыкъуэ и щхьэгъусэр Иналхьэблэ (Къэрэгъэш) дэс Тэмазэхэ ящыщт, и дэлъхум и цIэр ХьэтIэхъуцокъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди адэшхуэм и цIэр къытхуэгъэтыжакъым.

Чылар и фIэщыгъэцIэр унаIуэу къызэрытхуэнам, езым и унэцIэ дыдэр зэры-Хьэшырым и щыхьэту нэгъуэщI зы Iуэхугъуэ щыIэщ. Ди щIалэгъуэм Кушмэзыкъуей дэса, цIыхухэм пщIэ зыхуащIу щыта нэхъыжьыфIхэу Iэмпlэжь Маш, Мызэущ Хьэзрэил, Жанджэрий Хьэжмырзэ, Аргъэщокъуэ ФIыцIэ сымэ, нэгъуэщIхэри кьызэрыдэджэу щытар «Чылар и къуэщ».

А лъэхъэнэм ди нэхъыжьхэм Щхьэлыкъуэ щыпсэу Хьэшырхэр ягъэкъуэшырт.

Тыркум щыпсэу ди унэкъуэщхэр

1879 ГЪЭМ Чылар и къуэ Джырандыкъуэ, абы и къуэш Уэжьыкъуэ и бынхэу Хьэжбийрэ Алийрэ хэкум икIыжащ. Ди адэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, Алий шууэ Истамбыл къикIыжщ, я шыбэ гуартэр ихури, Тыркум игъэзэжащ. Хьэжбий а къэралым кьыщыувыщащ. Джырандыкъуэ псэупIэ ищIар белджылыкъым, ауэ Сирием кьыщыэтеуыВыуэ худогъэфащэ. Щам щыпсэу Чылархэм я бын, Гъэсэн и цIэу, ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиухащ, осетин цIыхубз и щхьэгъусэщ, Амал и цIэу хъыджэбз яIэщ.

Тыркум щепсыха Хьэжбий, Чылар и къуэрылъхум, зэрыжьIащи, лъэпкъ хъарзынэ къытепщIыкIащ.

1991 гъэм и быщхьэуIум КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къэкIуат тырку хьэрычэтыщI ныбжьыщIэ гуп. Абы яхэтащ адыгэбзэр тэрэз дыдэу ищIэу, зэдзэкIакIуэу Хьэжбий къытепщIыкIахэм ящыщ Чылар Байар. Ар Истамбыл щыIэ Адыгэ Хасэм хэтт, езыр куэдым гу лъитэу щыху Iущт. Хэкужьым къыщыкIуэм, ди лъэпкъым ящыщ зыгуэрым срихьэлIэмэ жиIэри, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я цIэкэр къыздихьащ.

Министерствэм и лэжьакIуэ Бейтыгъуэн Iэуес и фIыщIэкIэ сэ сыIуIащ Байар икIи абы селъэIуащ лъэпкъым къытхихьэну.

Кушмэзыкъуей дежи Чылархэ нэжэгужэу къызэхуэсат, шэджэмдэс ди унэкъуэщхэри кърихьэлIат. Псоми я нэ къыхуикIыт хамэ щыпIэ щыпсэу я лъэпкъэгъуэ яIьагъуну. ЯпэщIыкIэ ар си дежь къезгъэлIагъащ, итIанэ лъэпкъыр щызэхуэса ди нэхъыжь Абузер и унэ дыкIуащ. ГуфIэгъуэ зэIущIэр абы щедгъэкIуэкIащ, сурэт зыбжани абдеж щыттрахащ.

ИужькIэ ди хэкум и теплъэ нэхъ удэзэыкъэхэм ящыщ зыгуэр едгъэльагъун, и нэгу зедгъэужьын мурадкIэ, машинэ псынщIэхэм дитIысхьэри, Гундэлэн ипщэкIэ щыIэ Тызыр хьэуладжэм тшащ. Махуэр зэрыкIэ, хуабэт. А щыIпIэ дахащэм гур апхуэдизкIэ дихьэхыри, псым и Iуфэ дэтхэнэ зы етIысэхьилIэми узыIэпишэрт. Ауэ цIыхухэм нэхъ тэмэму зыщагъэпсэхун папщIэ яуха Iэнэ кIыхьышхуэм дыбгъэдэсыну тедухащ. Ерыскъыр берычэтт, фадэри хъуэшт. АрщхьэкIэ ди къуэш Байар, ди лъэныкъуэмкIэ фадэ ирафыркъым жиIэри, нарзан ефэу кьыдбгъэдэсащ. Дэри абы кьыхэкIыу пщIэ лей хуэтщIащ.

ГуфIэгъуэр Iэтауэ ягъэдахэрт Щэджэм дэс ди унэкъуэщ Толэрэ (Iэдэм и къуэщ) абы и щIалэ, илъэс 13-м ит Асльэн цIыкIурэ. И адэм мэкъамэ Iэмэпсымэхэр хуэIэзэу игъэбэзрабзэрт, ныбжьыщIэм и макъ жьгъыурымкIэ адыгэ уэрэдыжьхэри иджырейхэри артист лъэрызехьэжэм хуэдэу кьыжджиIэрт.

Кушмэзыкъуей щIыбым деж щыпIэ мывэжьыр ди щIапIэм дикIыу кьуажэ щыбымкIэ дыщыIэпхъуэм, Чылархэ я хадэм ириубыдащ. Иджы абы кьина ди щынэхъыжь Мухьтар и бынхэм, я хадэм ильщ. Тхьэм ещIэ а мывэ абрагъуэр абы кьыщIыхута зэманри, кьызэрыхута щыкIэри, Iуащъхьамахуэ илъэс мин бжьигъэ и пэкIэ и гуБжьыгъуэ зэманхэм и кьару пхуэмыIуэтэнум кьидза е Бахъсэн и уэлиигъуэу нэпкъитIым дэмызагъэу кьехауэ яIуэтэж зэманым псым кьыздихьа, сытми а мывэжьым нэхъ лъагэ щымыIэу кьытщыхьурт ди сабиигъэм.

КIэщIу жьпIэмэ, Байар ди нысэ нэхъыжь ЕIапIэ, и деж есшэхри, мывэжьым дыбгъэдэту сурэтхэри ттрихащ, сэмб из щIыи здихьри и анэшхуэм и уэсятыр хуиГъэзэщIащ.

Тыркум щыпсэу Чылархэм унагъуэцIэу зэрахьэр Шрайдерт. «Зы зэман гуар къэралым и тепщэу яГъэуа сулътIан щхьэзыфIэфIым и унафэкIэ лъэпкъ къэскIэ унагъуэцIэ кьыдитауэ къэралым дызэрыщатхыр апхуэдэуТ», - жиIэрт Байар.

Тыркум щыпсэу Чылархэм я цIэхэр:

Хьэжджэрий и къуэ Мурат и бынхэр Анкара дэсщ, Уэлий и къуэ Расым и унагъэр Истамбыл щопсэу. Адрейхэр Къайсэр вилайетым щыIэщ. Байар и щынэхъыжь Джемал 1996 гъэм си деж къеблэгъащ. Зэшхэм уэнэ лъащIэ ящI, яшхын яГуэту мэпсэу. Расым и пхуэитIыр 1996 гъэм Чылар Роэз и деж Налшык щыкъэщIащ. Ахэр Истамбыл банкым щолажьэ.

Байар 1998 гъэм лэжьыгъэ IуэхукIэ хэкум кьитригъэзэащ. ЩхьэгъуэсэхкIишащ, зы щIали иIэщ.

Апхуэдэщ, кIэщI дыдэу утепсэлъыхьмэ, Чылар и щIэблэ Тыркум щыпсэухэм я хъыбарыр. ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа, зи цIэ жьитIа цIыхухъуэхэм я нэхъыбэм езым я унагъуэ яIэжщ, пщащхэм ящыщ куэди унагъуэ ихьащ. Хьэжбий и къуэ Алий, Байар зэрыжиIамкIэ, щIалэу хьэгъуэлIыгъуэм щыхэкIуэдащ, быни щхьэгъуэи имыIэу (Чылархэ «яхуэщтэкъым» хьэгъуэлIыгъуэхэр).

Хэкум ис Чылархэр

ГЕНЕАЛОГИЕМ дыщытепсэлъыхькIэ, адэжь хэкум щыпсэу Чылархэми я гугъу тщIынщ. Ахэр псори кьызытепщIыкIар Хьэшырхэ ящыщ Умар и къуэхэу Тепсэрыкъуэ, Щэрэлыкъуэ, Хьэмлакъ сымэщ.

1. Нэхъ пасэ зэманым псэуахэр:

Чылархэ я пщащэхэр зыхьыхьа Чылархэ я унагъуэцIэхэр:

Тепсэрыкъуэ	*сабийуэ псывэм исащ)*	**Батырыщэ**
Елджэрыкъуэ	**Абузер**	**УтIэ (Сэлимэ)**
	Зубер	
Кацинэ	**Гъузер**	**Хьэмлакъ**
Iэдэм		**Хьэпагуэ**
Хьэмзэт	**Батырхъан**	**Нэхъупщ**
КIунэ		**Щэмхьун**
Хьэзрэил	**Щэрэлыкъуэ**	**Дыщэнэ**
	Джэху *(ЦIыкIу)*	**Ленэ**
Къэрэбат	**Мухьэдин**	**Хьэжсет**
Тожан	**Хьэжысмел**	**Зулижан**
Мухьтар		**Адмир**
Чэшид		**Зулижан**
КIухуэ		**Абижан**

2. ИужькIэ къэхуа унагъуэхэр:

Iэдэм	**Ларэ**	**Борис**
Владимир	**Альберт**	**Мухьэрбий**
Анатолэ	**Рае**	**Мусэбий**
Руслан		**ФатIимэ**
Ленэ	**Абузер**	
	Борис	**Нэхъупщ**
Хьэзрэил	**Анатолэ**	**Хьэсэн**
Борис	**Нажмудин**	**Хьэсэнбий**
Хьэсэн	**Светланэ**	**Хьэлимэт**
Хьэсен	**Руслан**	
Лусенэ	**Юрэ**	**Адмир**
		ХьэIишат
Мухьтар	**Гъузер**	**Хьэлимэт**
Исмэхьил	**Розэ**	**ШэIимэт**
ХьэIишэт	**Светэ**	**Михаил**
Лизэ	**Сафудин**	**Анатолэ**
Шурэ	*(сабийуэ IлащI)*	**Леонид**
Зейнэб	**Татьянэ**	**Исмэхьил**
	Заурбэч	**Ритэ**
Чэшид		**Риммэ**
Женя		**Иринэ**
Мухьэмэд	**Хьэжысмел**	**Артур**
Мелхьан	**Юрэ**	

3. Абыхэм къатепщIыкIыжахэр:

Артур	**Амур**	**Оксанэ**
Тимур		**ФатIимэ**
Альберт	**Мухьэмэд**	**Албэч**

Альберт	**Руслан**	**Хьэсэн**
Алинэ	**Джульеттэ**	**Рустам**
Альбинэ	**Асльэн**	
		Хъусен
Анатолэ	**Хьэсэнбий**	**Хьэсэн**
Марьянэ	**Мухьэмэд**	**Ислъам**
Маритэ	**ФатIимэ**	**Каринэ**
Нажмудин	**Михаил**	**Юрэ**
Арсен	**Заирэ**	**Артур**
	Изаурэ	**Асльэн**
Руслан	**Дианэ**	**Заринэ**
Людмилэ		
Мурат	**Анатолэ**	**Борис**
Эльвирэ	**Мурат**	**Мухьэмэд**
	Артур	**Мурат**
Юрэ		**Руслан**
Къазбэч	**Леонид**	
ФатIимэ	**Рустам**	**Мухьэрбий**
	Роман	**Амур**
Заурбэч		**Раметэ**
Инал	**Борис**	
Дианэ	**Заремэ**	**Мусэбий**
	Заретэ	**Маринэ**
Хьэсэн	**Хьэсен**	**Мухьэдин**

Чылархэ я пщащэхэр зыхьыхьа унагъуэцIэхэр:

ХьэIишэт - **Щауэ**
Лизэ - **Шашэ**
Марьянэ - **Къумыкъу**
Маритэ - **ЛампIэжь**
Абижан - **Алокъуэ**
Зулижан - **ПIуп**
ХьэIимэт - **Абазэ**
Ленэ - **Хьэжмэт**
Людмилэ - **IуэщIхун**
Розэ - **Алмэ**
Светланэ - **Ныр**
Ритэ - **БатI**
Риммэ - **Чып**
Иринэ - **Елдар**
Оксанэ - **Лыджыдэ**
ФатIимэ - **ДжэрджиЖ**
ФатIимэ - **Къалмыкъ**
Женя - **Елмэс**
Рае - **Зал**
Ларэ - **Щауэ**
ХьэIишэт - **КхъуэIуфэ**
Хьэлимэт - **Батыр**
ШэIимэт - **Алокъуэ**
Мелхьан - **Согуэ**
Шурэ - **Пынджыгу**

Мыбы кьыщыдгъэлъэгъуахэм нэмыщIкIэ Щэджэм Езанэм (Кьундзэтей Мыдрыщ) дэсщ Iэдэм и къуитым и унагъуэхэр. Ещанэ щIалэр, Руслан, унагъуэ имыIэу дунейм ехьжащ.

Апхуэдэщ Бахьсэн щыналъэм щыпсэу Чылар и щIэблэхэм я генеалогие зэхэлъыкIэр.

ДЫЗЭРЫЩIГЪУАЗЭЩИ, зауэ гуащIэ ДекIуэкIыу, щыпсэу куэд хэкIуэдащ, бжьгъэкIэ нэхъыбэ хьу лъэпкъхэм яйр ебэкIыу, нэхъ мащIэкэр - нэхъ мащIэу. Унагъуитху фIэкIа а лъахъэнэм мыхъуу щыта зы лъэпкъ щIыкIым ейуэ щIалиплIым я псэр зауэ губгъуэм кьранащ, ахэр: Джэху и къуэ Мухьэдин, Хьэпагуэ и къуэ Шэмхьун, си анэ кьиулъхуауэ Мухьтаррэ Зуберрэ. Псэууэ зауэм кьэзыгъэзэжа Чэшифрэ Нэхъупщрэ унагъуэ яухуащ. Мухьтар зауэм ипэ унагъуэ иIащ.

Чылар и щIэблэу Бахьсэн щыналъэм щыпсэужэу я щынэхъыжь Iэмэкъкъ, я лъэжьыгъэкIэ адрей лъэпкъхэм кьакIэрымыхуу цIыхуухэм яхэтщ. Дэ ди нэхъыжьхэми, нэхъыщIэхэми, махуэ кьэс жьпIэмэ ущыуэнщ, ауэ зэпымыууэ я гум илъщ дуней псом хахуагъэкIэ цIэрыпсу щыхъуа адыгэлIым, зи цIэр лъэпкъым и унагъуэцIэу къэзыгъэнам и фэеплъ нэхур ямыгъэуплИуэ, абы хуэфащэу щIыхуэхэм яхэтыну. Ди адэ-хэр, ди нэхъыжьхэр цIыху зыхьыхьэм пщIэ хуащIыфу, езыхэри абыкIэ Iыхьэншэ мыхъуу псэуахэщ.

Ди шынэхъыжь Мухьтар апэ къежьа тракторхэм къыщыщIидзэри, фин зауэм зэрыкIуаэу щыта ТЗ-м нэсу «гъущIышым» и лъэпкъыгъуэ псори эзригъэкIуащ. Гугъу зэрехьар къалтъэри, кольоз амбарым трагъуват. Ар 1943 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. Адрей ди нэхъыжьхэри колхозым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм къэлэну щылэжьащ. Ноби къыщIэуфэ щIэблэми абыхэм зыкъыкIэрагъэхуэ я мурадкъым. Лъэпкъым диIэщ мэкъумэшыщIэ цIэрыпсуэхэр - Хьэзрэил и куэ Борис «Урысейм щIыхь зиIэ механизатор» щIэ лъапIэр зэрехьэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ. Ди щIалэхэм, пщащэхэм кьахэкIаэщ щIыхубз хозяйствэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэщ1агъэлIхэр: инженерхэр, ухуакIуэхэр, IэхутхъэбзащIэхэр, цIыхум еIэзэжэр, уэчылхэр, хъэрычэтыщIэхэр. Дэ дрогушхуэ абыхэм я лэжьыгъэ купщIафIэм, я щIыху хэтыкIэ дахэм.

Сэри, тIэкIу си щхьэм сыщыхтхъжьынщи, лъэныкъуэгъэзыу сыкIыгуэтакъым. 1941 гъэм, зауэшхуэм щыщIидзам, дысабийуэ еджанIэм, фэ къэвджынур зэфIэкIащ, жаIэри дыкъыщIашри губгъуэм уэсым щIиубыда нартыхуэр къэтщыпину драубыдэри, абы къыщыщIэдзауэ сетIысэжакъым. БелкIэ тIэнри, жэмкIэ вэнри, IэкIэ жьлэ сэнри, выгу-шыгуэзкуэнри, нэгъуэщI Iэджи зи нэгу щIэкIаХэм сащыщщ. ТIэкIу нэхъ дыкъыщжэпхъа лъэхъэнэхэм щIэздзэри, лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэм сыпэрытащ. КIэщI дыдэу жысIэнщи, комсомол, щIыналъэ исполком, редакцэ, парт, цIыхубз кIэлъплъыныгъэм, сату лэжьыгъэхэми сыпэрытащ. Райпромы, колхозым, райисполкомми, редакцэми, кIэлъплъплъакIуэхэм я район комитетми, нэгъуэщI IэнатIэхэми я тхьэмадэнри згъэунэхуащ. Си ныбжьыр нэсу пенсэм сыхыхьа иужькIи, илъэс куэдкIэ лэжьыгъэ зыбжанэ сыпэрытащ. Дэнэ сыщIыми, цIыхухэм я Iуэху зэрыдзэгъэкIыныр, Iэхутхъэбзэ зэрызесхьэныр, нэмыс, пщIэ зэрахъэщIынри апэ изгъэщащ, езы цIыхухэм абыкIэ жэуап къызэмытыжу къэнакъым.

Зы цIыху щхьэхуэм, унагъуэм кьикIуа гъащIэ гъуэгуанэм утепсэлъыхьныр Iуэху тыншкъым; лъэпкъым и тхыдэр кьыжьпIэныр нэхъ гугъуц. Сэ лъэпкъым и гъащIэм и пIанэпэ псори кьэзгъэлъэгъуэну муради сиIакъым. Ауэ Хьэшыр Чылар и щIэблэхэм кьакIуа гъащIэ гъэгум нэхъ гу зылъытапхъэу кьэсхьытэкэр мы тхыгъэм кьыщыдгъэлъэгъуащ, гугъу сымыщIу кьэна цIыхухэми, Iуэхугъуэхэми нэхъ куууэ, зэпкърыхауэ тетхыхьын гуэр ди лъэпкъым кьахэкIмэ, икъукIэ ди гуапэщ, Тхьэм кьригъэхъулIэ!

1999 гъэ



ВЪ
ЦАРСТВОВАНІНЕ
ВСЕРОССІЙСКАГО ИМПЕРАТОРА
НИКОЛАЯ I.
СТОЯЛЪ ЗДѢСЬ ЛАГЕРЕМЪ
СЪ 8 ПО 11 ІЮЛЯ 1829 ГОДА
КОМАНДУЮЩІЙ
НА КАВКАЗСКОЙ ЛИНІИ
ГЕНЕРАЛЪ ОТЪ КАВАЛЕРІИ
ГЕОРГІЙ ЕМАНУЕЛЪ:
ПРИ НЕМЪ НАХОДИЛИСЬ:
СЫНЪ ЕГО ГЕОРГІЙ 14 ЛѢТЪ
ПОСЛАННЫЕ РОССІЙСКИМЪ ПРАВИТЕЛЬСТВОМЪ
АКАДЕМИКИ:
КУПФЕРЪ, ЛЕНЦЪ, МЕНЕТРІЕ И МЕЙЕРЪ,
ТАКЖЕ
ЧИНОВНИКЪ ГОРНАГО КОРПУСА ВАНСОВИЧЪ,
МИНЕРАЛЬНЫХЪ ВОДЪ АРХИТЕКТОРЪ ІОСЪ БЕРНАРДАЦЦІ
И
ВЕНГЕРСКІЙ ПУТЕШЕСТВЕННИКЪ ИВ. БЕССЕ.
АКАДЕМИКИ И БЕРНАРДАЦЦІ, ОСТАВИВЪ ЛАГЕРЬ, РАСПОЛОЖЕННЫЙ ВЪ 8000 ФУТАХЪ [Т.Е. 1143 САЖЕНЯХЪ] ВЫШЕ МОРСКОЙ ПОВЕРХНОСТИ, ВСХОДИЛИ 10 ЧИСЛА НА ЭЛЬБРУСЪ ДО 15700 ФУТОВЪ [2243 САЖЕНЕЙ], ВЕРШИНЫ ЖЕ ОНАГО 16330 ФУТОВЪ [2333 САЖЕНЕЙ] ДОСТИГЪ ТОЛЬКО КАБАРДИНЕЦЪ ХИЛЛАРЪ.
ПУСТЬ СЕЙ СКРОМНЫЙ КАМЕНЬ ПЕРЕДАСТЪ ПОТОМСТВУ ИМЯ ТѢХЪ, КОИ ПЕРВЫЕ ПРОЛОЖИЛИ ПУТЬ КЪ ДОСТИЖЕНІЮ ПОМЫНЕ ПОЧИТАВШАГОСЯ НЕПРИСТУПНЫМЪ ЭЛЬБРУСА!
ОТАНТА ВЪ ЛУГАНСКОМЪ ЗАВОДѢ ВЪ 1829 ГОДѢ.

• Газэтхэм ятх

Фэеплъ дамыгъэхэр

Iуащхьэмахуэ... Щыгуит1 зиIэ а Iуащхьэ уардэм япэ дыдэу дэкIащ адыгэлI Хьэшыр Чылар. 1829 гъэм кьэхъуа а Iуэхугъуэр илъэси 150-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ медаль къыдагъэкIащ.

НЭГЪУЭЩI медали къыдэкIащ а махуэм и щIыхькIэ. Абы тетщ Кавказым и къэхутакIуэ-щIэныгъэлI, дзэ топограф икIи альпинист Пастухов А.В.

Мис иджыри нэгъуэщI зы фэеплъ-медаль. Абы и Iуплъапlэ лъэныкъуэм тетщ бгылъэ теплъэ, мыпхуэдэу тетхауэ: «Iуащхьэмахуэ лъапlэ, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР», и щIыбагъ лъэныкъуэмкIэ мы усэр тетхащ:

Пынджыгъэншэу, уардэщ икIи нахуэщ
Къуршыжьхэм я дамыгъэр.

Iуащхьэмахуэ теухуа медалхэр, дамыгъэхэр, тхылъэхэр зэхуихьэсащ Ставропольем щыпсэу краевед Виноградов Б.С. Абы и фэтэр мыиныр музей дыдэ ищIащ.

«Труд» газет. 1977 гъэ, мэлыжьыхьым и 13.

* * *

1829 гъэм цIыху япэ дыдэу теуваш Iуащхьэмахуэ и щыгум. Псыхуабэ щызэхуагъэса цIыху миным ящыщу щыгум нэсыфар адыгэлI гъэгугъэлъагъуэ Хьэшыр Чылар щ.

ПСЫХУАБЭДЭСХЭМ зыубгъуэуа ягъэлъэпlащ Iуащхьэмахуэ теуха а махуэр - «Лермонтовым и уиэ» музейм щызэхэтащ абы ехьэлIа пщыхьэщхьэ. А Iуэхугъуэр илъэси 150-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, альпинист гупшыхуэ хэту, альпиниадэ екIуэкIащ. Iуащхьэмахуэ дэкIаХэм яхэтащ ди къэралым и альпинистхэм я гъусэу США-м, Австрием, Чехословакиемрэ, Польшэмрэ, Германиемрэ я спортсменхэр. Iуащхьэмахуэ и щыгум трагъэуващ Псыхуабэ фэеплъ дамыгъэхэр.

«Советская торговля» газет 1972 гъэ, фокIадэм и 4.

* * *

Мы махуэхэм альпинистхэм загъэхьэзыр Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм дэкIыну.

- ДЭ зыдогъэхьэзыр Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу цIыху зэрыдэкIрэ илъэси 150-рэ зэрырикъур дгъэлъэпlэну, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м Альпинизмэмкlэ и федерацэм и тхьэмадэ Залиханов Хьусейн. А махуэм и щIыхькIэ Iуащхьэмахуэ дэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 1.500-рэ, ди къэралым, нэгъэщI къэралхэм я альпинистхэр. А Iуэхугъуэмкlэ дэ догъэлъапlэ Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа адыгэлIри - Хьэшыр Чылар.

«Известия» газет. 1974 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 12.

• Чылар и щIэблэр



Альберт

(КІэлъыкІуэр.
Пэщіэдзэр №№937 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74, 77, 79, 81 - 83, 85-хэм итщ).



Осетие Ипщэм щохьэщІэ, тхакІуэ, критик Джусойты Нафи и гъусэу. *1989 гъэ*

ЩХЬЭХЪУМЭХЭМ Къэбард къызэратІатэм кІэлъыплъурэ, Къаплъэн-Джэрий дарий щхьэнтэ дытам тыншу зытрегъэзагъэ. Бахьейр кІызыщхьэщих лы гъэзаврэ лэпсымрэ зытет Іэнэм пэрытІысохапэурэ хъаным нэхъу-нэхъуу щІалэр зэпеплъыхь. Къаплъэн-Джэрий, дауи, щыгъуазэт адыгэхэм я шыгъупІастэ зехьэкІэми, я гъэхьэщІэкІэми... Анэмэт щІалэм дэгушыІэрэ хуэгъэПІэрэ мыведжьилыуэ:

- КъэтІыс. Кърым хъаным узэрыдэшхам зрибгъэлІыфІыжьинщ, зэман дэкІмэ...

Къэбард зигъэхьерэтрэкъым.

- УщІыщытыр сыт?! - и макъым зрегъэІэт хъаныр.- «ТІыс» къыжьаІащи - тІыс!

Ураукъыр къопсалъэри:

- Дыгъэр зи теплъэ, абы ди бзэр зэхищІыкІыркъым.

- Абыхэм я бзэр уэ щыпщІэкІэ, дэ ди бзэри абыхэм ящІэн хуейуэ си унафэщ! ГурыгъаІуэт мыбы ар, - мэкІий Къаплъэн-Джэрий.

Ураукъым зэридзэкІащ хъаным жиІар, мыдрейми Іэнэмкіэ и Іэр ищІуэр:

- УмыгъэупщІыІу лыр. Едзакъэ.

- Адыгэхэм шыл тшыкрыжьи.

Къаплъэн-Джэрий имыщІэу аратэкъым адыгэм шыл эзримышхыр, итІани, къэуІэбжьаифэу:

- Мыр шылу ущыхьэт?

- Мэкіэ къызэщІэ. Сыщыхьэтщ.

- И-и?! Сытымэ а зи гугъу пщІыр?

- Шы пщІэнтІэпс бамПІэрымэ...

- А фэ фшхы мэлылым, - и Іэпхъуамбэ джэдыкІэхэр игъэпІэжьажьэуэ и пэ лъабжьэм щегъэджэгури: - кІыкІэрихыр пщІэнтІэпсымэ-мэлымэ?! Хъаныр макъ лъагэкІэ и гушыІэм кІэльодыхьэшхыж, анэмэтыр зыхуигъэгушхуэ щІыкІэ. - Хъан Іэнэм шы пщІэнтІам ил тралъхьэркъым. Хьанхэм яшхыр щышІэпІыпІэ хэплъыхьащ. Умышхынымэ, хэгъэзыхь щыІэкъым. Щынэл кІыхуэфхь мы ди хьэщІэм!

Къаплъэн-Джэрий зэм гушыІэу, зэми хъурджжауэу Къэбард кІыхъуэрэхъухь щхьэкІэ, езы щІалэм мыхьэнэ иритыххэртэкъыми «бысымым» пІаскІуэурэ зэрихьэ хъуэрыбзэм.

ЛІыкІуэхэр къыщежьэм ЛІыгъур ягуригъэІуат щІалитІым я зыр кърымхэм къагъэнэжкІэ зэрыхъунур. ИтІани Къэбард и пщІыхьэпІи кІыхьхуэнтэкъым кърым хъаным епсэлъыпІэн хуей хъуну, зы Іэнэ дыбгъэдэсын щыгъэтауэ... Пэжщ, кърым хъаныр бийщ, ауэ ... хъанщ ар. Хабзэ кІыззэрыкІэлъыззэрихьэри гулъытэ лейрэ хъэщІагъэрэ кІыззэрыхуищІым и щыхьэтщ... Арыххэу Къэбард зыкъепхъуэтэжри, и щхьэ хуошхыдэж: «Сызэгупсысыр сыт делагъэт! Хэт мы зи пащхьэ зыщщІгъэшын хуейр! Пэжщ Ашабэм жиІар: хабзэ зымыщІэм уубзэ кІыфІощІ. ЩІалэм къыгурыІуэрт и лъэпкъэгъуэм мыбдеж кІыщІагъэна мурадыр, зыгъэркІэ псэлъакъуэ илъахъэ зэрымыхъунур. Нэхъыжьхъэм дзыхь кІыщІыхуащІар иджыпсту и бзэм зыгуэр Іэщ1экІыу, псори зэтригъэщІэхэжьну ара? Зыми зыри хъэзымышІыкІ анэмэтщи, зиплъыхьурэ, а илъэгъуар игу ириубыдэн мыхъумэ, лей жиІэнкъым...»

Къаплъэн-Джэрий зыкъыззэрыхуищІым кІэлъыплъурэ Къэбард иджы зэгуэлрт: «Мыр напитІщ, ухуэбэлэрыгъ хъунукъым. Дедэ1уэнщ езым кІыпсэлъхэм», - зыжриІэжурэ и щхьэр Іэдзбу ирехьэхри:

- Шылым папщІэ тІэкІу езгъэлеяуэ щытмэ, хъан, сызэхэщІыкІынщ... Сыхуеякъым.

- УхущІемыгъуэж. Дэ дызытепсэлъыхьар лы хьэлэщ, лы къабзэщ. Кхъуэлкъым а зи гугъу тщІар. Алыхьым къытхуигъэгъу, муслъымэным Іэнэ дыпэрысу а псалъэр кІызззрыджьэдэкІар! - Къаплъэн-Джэрий езым гуэныхьу къилъытам, Къэбарди къыхепщэри, хьэщІэм и «емыкІур» Алыхьым и пащхьэ щызэрегъэззэхуэж.

- Ущт уэ, хьэмэрэ уузркът? НтІэ, нтІэ, уузркъэу къызжаІат. Унагъуэ уиІэ?

- Зэуакіуэ фыкъытхуэмыкІуамэ, унагъуи сиІэну хъунт.

- Дэра кІыфхуэкІуар?! - хэкъуэр къэлыбдауэ, ІэгукІэ Іэнэм тоуэри, хьэкъущкІэр егъэзу, вынатІэрыщІэплъ зищІурэ: - Фи адыгэ щхьэзыфІэфІыгъэрщ мыбы дыкъэзышар!..

- ЩІхьэж и Іыхьэ иІыгъыжщ а зи гугъу пщІы щхьэзыфІэфІыгъэм теухуауэ. Пщымрэ унэІутымрэ я щэнкІэ зэрызэхуэмыдэм ещхьу, зэи зэхуэдэ хъунукъым адыгэмрэ тэтэрымрэ я дуней зэхэщІыкІыр.

- Апхуэдэу уи гугъэ?

- КъызжепІам и жэуап ппислъхьэжауэ аркъудейщ.

- Тэмэмщ. Пэжщ, - жиІуэрэ, хъаныр зыщІыпІэкІэ щогупсысэри, зыкъыщІэжа нэхъей: - Едзакъэт. УмыгъэупщІыІуж... Уэ езым уи фІэщ хъурэ кърымхэмрэ къэбэрдейхэмрэ иджы зэкІужьну?

- Си щхьэкІэ: хъурхъым. Ауэ сэ нэхъыжь и жьы1эм зи себакъуэркъым.

- Ари лІыгъэм щыщщ... Уи ныбжьэгъуэхэри уэ уэщхьу егупсысрэ?

- НтІэ. Ауэ сэ иджыпсту жыхуэсІар си щхьэ закъэущ. Си ныбжьэгъуэхэм я гугъу сщІакъым.

- ГурыІуэгъуэщ. ГурыІуэгъуэщ... Ныбжьэгъу Іэджэ уиІэ хъунщ уэ, дауи? Ныбжьэгъунщэкъым, пэжкъэ? КъызжеІэт... Абрэдж мырзэм и къуэм Къэбэрдейм щищІэр сыт? А Даур-КІэмыргуейкІэ фызэзджэращ зи гугъу сщІыр... Сыт Іуэху иджыпсту абы фи деж щызэрихуэр? Зыхуейри сыт ар?

- Даур-КІэмыргуей Къэбэрдейм щызэрихуэр и адэ Абрэдж Мырзэбэч куэд щІауэ зэримыхуэж адыгэ лъэпкъ Іуэхурщ.

- А щІалэр иджыри Абрэджт-тІэ? Бэлэтокъуэ унэцІэр кІищтатэкъэ?

- Адыгэхэм хабзэкІэ зетхьэр зи жьлэ дыкъыхэкІа адэм и унэцІэрщ. Анэш унэцІэ ииІэ къытхэткъым. Даур-КІэмыргуей Абрэджу кьалъхуащи, Абрэджу псэунущ. Сэ сызыщІыгъуаззр бжеІащ.

- Фызэныбжьэгъушхуэ си гугъэщ фэ тІур...

- Ущыуакъым. ДыщІалэщ дэ, ди гупсысэхэри, ди хъуэпсапІэхэри зэтохуэ. ЗэгурыІуэ дяку илъщ.

Къаплъэн-Джэрий зэІуба лэпсым и бзэгур ивэпхъа нэхьей, зэуэ къаскІэри къыщыльэтащ. Къэбарди абы щыкІэлъыдэджьм, къыхуеплъэкІри:

- Щыс!

- Іэнэм си закъуэ сыпэрысуи?

Хъаныр зэуэ Къэбард джежІэ бакъуэщ, лъыр зытриихуа и нэхужьыбэ гъуатІэплъхэр Іуэзу зэхуишэри, дзэльтІ гуемыІум дыдж ззэу къыдипІытІыкІащ:

- УцІыхуфІкъым уэ, адыгэ! Укъыслхуэзыгъэнахэм къызжаІар пэжу къыщІэкІмэ, гугъэ ткІуэпс уиІэжщ иджыри, - щхьэхъумэм йоджэри:

- ЩІэфш си нэгу! Фэбжь тевмыдзэу...

Хъаныр и фэм зэримытыжкір зыхуихьынур имыщІу Ураукъ мырзэм игъэщІагъэщ. ЗауэлІ мин блыщым нэблагъэ дзэкІэ къэгъэпІыкъыхьа лІыр апхуэдизу щІызэпкърыщэтар къыгурыІуэртэкъым щхьэхъумэм. «Къысфлэщ1аеу пІэрэ?» - зэупщІыжырт аргуэру мырзэр...

Къыфлэщ1атэкъым Ураукъым. Къаплъэн-Джэрий иджыпсту къэбэрдей къуршхэм щыІэжтэкъым. Хъаным и гур Кърымым бамПІэу итт: и тепщэгъуэр здэбгъунлъа а хэкум езым и хъанырпщІэ къызэрыщыхуамыщІыр иджы къытеІэбэпат лІым. «ИкІэри ипэри мо щІалэжь щІыкІум си нэм къыщІмІужьну хэтщ Кърымым щІыбагъыр? зэрыщІэзмыІэр! Дапщэ абыхэм я бжыгъэр? Дапщи ирехьу, мыбы сикІыжу, Ахьмэд сультІаным игъэгугъа Карлрэ Мазепэрэ я урысей Іэхуэхэр ядэсщІэху фІэкІа пІалъэ естынкъым... Си тахьтэ лъабжьэм къыкІэщІэтІыхьурэ кьедзэгъужауэ зылІ къизнэнкъым Кърымым. Щхьэпылъэрэ укІыгъэу езгъэтІылъэкІынщ а епцІыжакІуэхэр!»

Къаплъэн-Джэрий и щэтыр абрагъуэр иджы къезэвэкІыгт. Фэ пщы1эшхэм и жьхафэ Іэхуитлъэхуитыр щыхупІэ Іуп-щІакІэу къыІуплъэрт кърымхэм я хъаным. ЗэщІэжьхьауэ утыкум ит лІыр хэщтыкІыжурэ къызэпсэлъэкІри:

- Зыгуэр жыпІат, Ураукъ?

- Хьэуэ, хъанхэм я хъан...

- Анэмэт щІалэжь щІыкІур дауэ къыпщыхъуа? Нэмысынщэ? Нэмысынщэщ! Къэзгъэпсэлъащ сэ ар!..

- Си къамэр, хъан, иджыри улъиижакъым... Уи зы псалъэщ сызыхуейр...

- ЖьпІэм егупсыс! Анэмэтыр дукІмэ, зэгурыІуэныгъэм дыхэкІыжьынущ. НэгъэщІщ сэ сызыхуейр. Уэ уи щхьэкІэ уи фІэщ хъууэ пІэрэ къэбэрдейхэм я псалъэр?

- Дыгъэр зи теплъэ, къэбэрдей Іэмалынщэхэм къахуэнэжар а зы хэкІыпІэрщ. Си фІэщ мэхъу а зыр зэрамыІтыпщынур.

- Ди Іасхъэщ1эхэр иджыри къэт?

- Бэубэч ухуэмышачэ, ди дыгъэ.

- Си щыпэзэхэкъым «Бэубэч...»! - кІыхьоКІикІ хъанри, щабэ зыкъыщІыжурэ: - Хъунщ, Бэубэч сыхуэшачэркъым, ауэ абы кьепсэлъэну кэбэрдей пцІынупсхэм псалъэхь гуэр зэрахьэ: «Псы икІыпІэм унэмысу уи цейкъуащІэ зыщІымыупщІэ». Дыдейхэр жьІэзыфІэщу дэдмыхьеиІауэ пІэрэ мызыгъуэгъкІэ?

Къаплъэн-Джэрий нетІэ къызыпэрыкІа Іэнэм бгъэдотІысхьэжри, мыпІащІэу ерыскъым хоІэбэ:

- Зэфхъуэкі Іэнэр... Дижащ. А шылри, си хъан Іэнэм къыбгъэдэкІыу, шыл мыхьэмышх зиІэ хэбэрдей анэмэтым хуэфхь. Ишхынуми, еплъу бгъэдэсынуми, езым и Іуэхужщ. Фи нэ фІыкІэ иупагъу, кьэбэрдейхэм я пщы уэлий ерыщым и уанэшыр езгъэшъхьжынкІэ-тІэ!

- Иншалахь, хъану щыІэм я хъан! Уи тезырыр ди нэ фІыкІэ иупагъу.

- Шэч къытебмыхьэ! - Къаплъэн-Джэрий кьотэджри, ґъуджэ хъуреишхуэм аргуэру бгъэдохьэ. ДыщэидэкІэ гъэщІэрэщІа къэпталъ щІыІутелъыр зэпиплъыхьурэ нэхъри зегъэкъ, шылэ уху9на дамэтелъхэр ишэщу и пІлаБгъуэр дришейуэрэ еуэздри:

- Кърымыдзэри тырку зауэлІхэри дгъэгуфІэнщ-тІэ къытпэплъэ текІуэныгъэм и хъыбарымкІэ.

- Апхуэдэу щыщыткІэ, Алыхьым и лІыкІуэ, дэфтэрытхыр къезджэнт?

- НэуфыщІщхьэрыуэу унафэ стхыркъым сэ! - гурыщхъэм зэрызэпикъузыр хэІущІыІу имыщІыну, зегъэпхъашэ хъаным,- алъп хьэмкІэм зэи упимыІуэ. Бэубэч къигъэзэжмэ дегупсысынщ.

- Къаплъэн-Джэрий зыгуэрхэр зэпилъытурэ ґъуджэм къыбгъэдэкІыжри, шэтыр кІуэщІыр мыпІащІэу къызэкІухь, Ураукъыр здэщытымкІэ зэуэ зегъэззэкри, нэгур нэгум етауэ мырзэм поув:

- Бэубэч жиІэр уи фІэщ мэхъу?! Солъагъу: мэхъу. Сэри, уэ пхуэздабзэу, Бэубэч си дзыхь тельщ. Ауэ... си щхьэм къитІасэркъым абы и шынэхъыжь Іэта-Ильясрэ Абрэджымрэ я зэхуаку дэпъынкІэ хъунур...

- Дыгъэр зи теплъэ, КІэмыргуейм щыщ Абрэджыр пэжкІэ къызэрыткъэтым и щыхьэтщ а лІым и Іуэхущафэхэр. ИтІани, Мырзэбэч адыгэщ. И нэм нэсмэ, дыкъигъэпэжыну? Мыдрейуэ, Іэта-Ильяс ди лъэпкъэгъу нэгъуейщ. Іэлигуъэт пэщэм и унафэкІэ ар иджыпсту ди бийхэм я деж щыІэщ. Бэубэчи лІыгъэ зыбгъэдэлъ щІыхь пэжщ. Эри папщІэ и псэр итыну хьэзыщ ар.

- А Іэлигуъэт ныбэфым къыСщибзыщІхэр плъагъуркъэ?! - егъэщІагъэуэ хъаным, арыхэуи щІогъуэжри, Ураукъ мырзэр егъэІуц: - Зыри жысІакъым - зыри зэхэпхакъым.

- Хъаныр щыІэм я хъан, зыри зэхэсхакъым. Мо Уафэбгыкъу хуэдэу, сыдагуэ-бзагуэщ!

Къаплъэн-Джэрий и нэгур зэуэзэпсэу къызэхоуэри, ней-нейуэ:

- А ажалыфэмэ зи сэ жысІамрэ сыткІэ зэпыщІа? КІуэ адэ! Хъыбар сыпоплъэ.

... Иужьрей мэшІэм къуриубыдэу хъаным зэи къыщхьэщыхьатэкъым Уафэбгыкъу и гупсысэ жагъуэр. Мыхьэнэ гуэри химылтхъэу Ураукъ мырзэм кІуэрэ пэт къыІэщІэжьІар зи фІэщыгъэр аргуэрыжьу игу къыщридзэкым, Къаплъэн-Джэрий джэду ПащІэм Іуплъа дзыгъуэ щтэІэщтаблэу зыкъызэрфІикъат. Шэтырышхуэм и фэ блынхэм бэн зэв дурэшу зауплІэнщІа нэхъей, хъаныр планэпэ кІыфІым дзыхьмыщІу дэплъэрт. Абы хэту Ураукъыр къыщІэлъэдащ:

- Къэсыжащ Бэубэч и гупыр, хъан!

- Къэт жрагъэІат! Кьеджэ мыдэ.

Шэтырым къыщІыхьахэм щхьэщэ ящІыхь хъаныр пэмыплъэфу пІащІэурэ:

- ЖьыфІэ...

Бэубэч хуиту Къаплъэн-Джэрий Іуоплъэри:

- Къэбэрдей адыгэхэр, хъану щыІэм я хъаныж, къыдэкІужакъэщ!

Къаплъэн-Джэрий зэхихар къыфІэмыІуэхуща хуэдэу:

- Вэсэмахуэ лъандэрэ зэхьдох ар. Къэбэрдейхэм еста пІалъэм щыщу махуитІыр кІуакІэщ. Иджы-щэ?

- Дыгъэр зи теплъэ, сабийхэр еужьэрэкІыу къыхаш къэбэрдейхэм. ХьэтІохъущокъуэпщым ихуауэ щыта мэжджыным щІалэ цІыкІу пщІей щыщэхуашэсакІэщ. Ди нэкІэ тлъэгъуауэ ахэр. Къэзанокъуейм иджыпсту сабий плІыщІ щытхуаІыгъщ. Пащащхэм я къхээшыным нэхъ гугъу иregъэжь къэбэрдейхэр.

ГъуатІафэ зыщІыхьэж и нэхужьыбэ цІынэшхуэхэм напІащхьэ тыкъыр зэвэхр къхуригъэлІыхыуэрэ, хъаным и жьэпкъыпэ жьакІэр гуъзэгагъэу щІекъуэзэрт:

- Я щхьэрэ я Іитікіэ къалэжьыжа я тезырщ!.. Иджыри сыткІэ фегуэпэнт фи хъаныкъ? - Къаплъэн-Джэрий пыгуфІыкІыр адрей тІасхъэщІэхэхэм я1уоплъэ.

- Хъанхэм я хъан, дэри а хьэбар дыдэрщ къыпхуэтхьар, - жэуап къетыж тэтэр щІалэ хэщІыхьам.

- Ы-хь-ы, деплъынщ. Тлъагъунщ. ФыкІуэ... Ураукъ. Бэубэч, уи закъуэу сыпхуейщ.

Хъанымрэ Іэлигуъэт и нэгъуей бейгуэлымрэ иджы зэпэзэнщІэу щэтырыкум итт. Къаплъэн-Джэрий мыпІащІэу Бэубэч зэпиплъыхьат. КІэрэхь укъуеихэр сабафэу зыифІэлъ лъэтхьэмпІэхэм щиІгъажьащ, ферс фІеяпІъэ тІэкІур зыІэщІэлъ Іитіми яфІэкІщ, жьакІагъуэ цІыкрьыми нэбгъузкІэрэ блэщэфтри, Къаплъэн-Джэрий и щакІэнэкэр нэгъуей Бэубэч и нэкугъуэм ириубыдащ:

- Налмэ? ... Ящэпіа ар къызатыжыу сазэреМыкІужьынур?

- Пщэдей-пщэдеймыщкІэ дагъэгугъэ, хъан.

- Зраґъэфыхь... Мэжджытым щыщаІыгъын щІыкэкъым ар. Щхьэхуэу, псом япэ иту си деж къашэну сыкъуейщ! И анэ дэлъхум сыт жиІэр?

- Ашабэр щымщ. Абы и щхьэгъусэ Мэмыхуэз зехьэнщІэ...

- А фызыжь хьэлынщэр Налмэс щІыгъуу къыздашэну ящефІэн хуеящ. Фльагъунт ар мыбдеж зэрыщытхауэр! Хъаным и псалъэр зэи тІуащІэкъым!

... ЛІым и губжьыр кърихури, иджы щым хъужат. Бэубэч мыбауэу пэплъэрт Къаплъэн-Джэрий адэкІэ къыпищэнум.

Зэиыдыгъуауэ и пащхьэм ихут нэгъуей бейгуэлым и хъуреягъыр Къаплъэн-Джэрий, мэз джэду щабэрыкІуэ, къыззпиущыхьри:

- Къэбэрдей пщы уэлийм дыкъимыгъапІэу щэсыпІэ уихьэнт?

- Ситщ, хъан!

Къаплъэн-Джэрий и Іэгушхуэхэр «цІомпІ» макъ ищІу зэтреупщІэри, щэтырыбжэмкІэ маджэ.

ЩІхьэщэ ищІурэ хъан пащхьэм Іэдэбу кьиува тэтэр лІыжь цІыплым езыр Іумыплъэхэу:

- Тхы! Кърым тэтэр зауэлІ хахуэхэу къэбэрдей адыгэхэм я1текІуэхэмрэ а текІуэныгъэр къыздэзыхьа тырку зауэлІхэмрэ кърым хъаным захуегъаззэ: Псэууэ къэнахэми, зауэм зи псэ щІызытахэми - кърым хъаным и щІыхь!

Ди текІуэныгъэм и цІэкІэ кърым топхэр плІэнейрэ къэбэрдей къуршхэм щхьэщерегъуагъуэ!

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Шэрджэс унагъуэ. *Сурэтыр зыщІар на1уэкъым. XVIII пІэщІыгъуэ*

● Хъуэхъу

Уи дуней тетыкІэм дропагэ



Мы хъуэхъур зыхуэгъэзар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и студенткэ пажэхэм хабжэ, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ адыгэ пщащэ Щоджэн Ланэ Артур и пхъурщ. Абы и ныбжьыр илъэс 20 ирокъу мы махуэхэм.

ДЫХУЕЙЩ а хъыджэбз губзыгъэм, хьэл-щэн дахэ зыхэлъым и махуэшхуэмкІэ дехьуэхъуу, мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ зыхуэдгъэззэну:

«Ланэ, ди хъыджэбз гъэфІэн! Уи гумащІагъэм, пхэлъ хэлъэтымрэ гулыт-тэмрэ я щыхьэщІ уи анэшхуэм, адрей нэхъыжьхэм, узыхэт псоми уаззрыхуущытыр. Уи псэ къабзагъэм хуэфэщэн насыпдахэ Алыхьым къыпхуигъэфащэ! АтІэми, «насып» псалъэм псори къызэщІеубыдэ - абы хохьэ узынщэу гъащІэ кІыхь цІыхум кІыгъэщІэнри, гуфІэгъуэри, унагъуэ дахэри, Іыхьлы-благъэхэм я зэІуэзэпщыгъэри. Дыхуейщ а псори уи Іэпэгъуу дунейм утетыну.

Дропагэ уи дуней тетыкІэм, бдэтлъагъу хабзэм, нэмысым. Гуапагъэу зыкъыхуаззрыдзэгуашэр хуэдэ миндкІэрэ бэгъуауэ къыпхэхъуэжу, уи екъуІэныгъэхэм уи нэхъыжьхэр иригушхуэу, щІэблэм уращапхъэу, мы дуней дахэм гу щыпхуэу Тхъэм уигъэпсэу!»

Уи унагъуэр, уи Іыхьлы-благъэхэр, уи гъунэгъуэхэр, уи ныбжьэгъуэхэр.



● Хъыбар гуапэ

Іуащхьэмахуэ къежэхыпІэщІэ щаухуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Іуащхьэмахуэ» курортым яужь щихьащ бгым лыжэкІэ къызэрежэх гъуэгущІэ щыным. Ар нэхъ гугъу дыдэхэм хабжэхэм хуэдэщ. Мы зэманым яужь итщ гъуэгур зыпхыкІыну мывэхэм елэжьыным икІи лъагъуэр укъуэдиныж.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ щІадзэн и пэ къихуэу абы ехьэлІа тхылъ псори зэрагъэпэщащ икІи зэрыкуэфэщэнкІэ зыхуагъэхьэзыращ. Гъуэгум и бгъум дэж щагъэувынущ ар уэсукъхуэм щызыхъумэну быдапІэхэр. Пэжныгъэ псори зэфІагъэкІыу ууэныгъэр лажьэу яутІыпщыну я мурадщ дызыхуэкІуэ щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлІэу.

ГъуэгущІэм метр 3846-рэ лъагаІэм хуэзэ «Гара-Баши» станцым деж къыщыщІидзэнщ. И бгъуагъэрику иту метр 40 хуэдиз хъунущ. Ар къагъэсэбэпыфынущ лыжэкІэ къежэхэхэми сноубордыр нэхъ къэзыщтэхэми. Бгы нэкІум декІуэкІыу километр 1,5-рэ и кІыхьагъэнущ абы икІи метр 400-м щІигъукІэ кьелъэхъщэхьыра кьехьынущ.

«Мы зэманым «Гара-Баши» - «Мир» станцэм я зэхуакум щылажьэр зы станщц, ари нэхъ гугъуэм ящыщщ. ГъэгущІэр лажьэу дутІыпщмэ, япэрейм щыізэтрихьэхэр нэхъ мащІэ хъунущ, бгым къежэхьн зыифІэфІхэм я зыгъэпсэхунри нэхъ тынш къищІынущ», - жиІащ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» компаниием и генеральнэ директор ТІымыжь Хьэсэн.

Иджыпстукіэ зыгъэпсэхупІэм щолажьэ бгы кьежэхьпІэу километр 15-м щІигъу, бгым уэрыдзкІ кІапсэ гъэгъуу блы. 2015 гъэм «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м мыбы ещанэ кІапсэ гъуэгур лажьэу щиутІыпщащ. Ар Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ хъуащ. Зэман гъунэгъум компанием и мурадщ иджыри кІапсэ гъуэгуищ ихуэну, бгым лыжэкІэ кьежэхьынм хуэщІауэ бгъу ику хуэдиныж.

Бадзэуэгъуэм и 10-м курортым карантин нэужьым лэжьэн щідзэжащ. КІапсэ гъуэгухэм нэмыщІ, Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэІухьжащ къыщІэхэмрэ щхьэпІэхэмрэ. Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зыщщхьэмэным хэзгъэпса мардэхэм тету, кІапсэ гъуэгум и зы вагоным цІыхуитІ нэхърэ нэхъыбэ ирагъэтІысхьэркъым.

ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжьэныжьмкІэ - 42-60-53; зыужьнагъэ хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтеуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзакъэм яхуэхьынымр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.938 ● Заказ №1432